Mirid cariyos ingkang kasebutaken ing Serat Pararaton jilidan angka II, luhur-luhuring karaton Majapahit saweg nalika panjenenganipun :

1. Raden Wijaya inggih Sri Kertarajasa, utawi kaprahipun sinebut Brawijaya I, awit tahun Çaka 1216 utawi ing tahun Walandi 1204.
2. Raden Kalagemet, ajujuluk Bathara Jayanagara.
3. Bre Kahuripan, Prabu Putri Jayawisnuwardhani.
4. Hayamwuruk, inggih Sri Rajasanagara, inggih Sanghyang Wekasingsuka utawi Bre Hyang Wekasingsuka, sedanipun kala ing salebeting tahun Çaka 1311.

Mirid cariyos ing nginggil, saupami risakipun karaton ing Majapahit wonten ing salebetipun tahun Çaka ± 1403 utawi ing tahun Walandi ± 1481, mangka madegipun nata Raden Wijaya kala ing tahun Çaka 1216, dados lulusipun karaton ing Majapahit dumugi ing risakipun wonten ± 187 tahun, meh kalih abad.

Ing nginggil nyebutaken bab ratu ing nagari Cermin, miturut serat anggitanipun Profesor Veth bab Tanah Jawi (Veth: Java, Ie druk II 1878 pag. 184 punapa malih 2e druk I 1896 pag. 280) ing pundi dunungipun nagari Cermin, sapriki dereng wonten katranga-

nipun ingkang absah. Ing Serat Babad namung nyebutaken : nagari ing tanah sabrang, ing nutipun Serat Veth : Java, nyebutaken mbokmanawi ingkang dipun wastani nagari Cermin punika nagari Kedah, tiyang Jawi mastani Gedah, dumunung ing tanah Malaka, awit tembung Malayu utawi Minangkabo : cermin punika ing tembungipun Jawi : gedhah. Menggah tumraping sekar macapat, kinten kula saged ugi kalampahan tembung : Gedah, bilih dhong-dhingipun dhawah i, dados cermin. Ingkang makaten yektosipun damel kisruh, sanadyan wontena ingkang mastani sae, upaminipun: Kajenar dados Kamuning, Mataram + Mataram (mboten patos), Mataram=Ngeksiganda=Nayanaganda, eksi=mata, gonda= (a) rum=ram, nayana=eksi, (Roorda, eksi=aksi=Sangskr= ixa), Jawisari=Jawisantun=Jawisekar=Jawikembang, Surabaya+Surakewuh, Surawesthi ingkang lucu : Pontianak kadadosaken : Pontisiwi (zie Babad Nitik).

Cermin kasebut ing Serat Babad ingkang kawedalaken dening Tuan Raffles (Raffles : History of Java, 1817 pag. 113 "The raja of Chermin (a country of Sabrang") = raja di Chermin di tanah Sabrang (seberang) - 2e druk 1830 II pag.122.

Repotan saking ing Gresik kala ing tahun 1822 (zie tijdschr. v. N.I 1852 pag. 408 en 411) mungel : ratu ing Cermin utawi Gedah, ing wingkingipun lajeng wonten ingkang mungel : ratu ing Gedah utawi Cermin, nyebutaken Cermin ngantos kaping kalih. Sapisanipun Gedah, lajeng Gedah malih (Roorda van Eysinga : Handboek Land-en Volkenkunde van N. I. III 3e deel, Amst. 1850 pag. 195), punapa punika Gedah ing Malaka, punapa pancen wonten piyambak nagari ingkang nama Gedah, punapa inggih Cermin punika wau.

Manawi dadosipun Kedah wau ing tembung Jawi Gedah, sarta lajeng dados : Cermin inggih Kedah ing tanah Malaka, miturut Tuan Rouffaer kasebut ing note d ing karanganipun Serat Het tijdperk van Godsdienstovergang 1400-1600 in den Maleischen Archipel, ing tanah Sumatra wonten pasiten ingkang dipun wastani pantai Cermin dumunung ing sacelaking lepen Topongkiri, ragi kaprenah sawetanipun Patapahan, leres margi turut lepen dhumateng Minangkabo. Dene ingkang nama Kota Pantai Cereu-

men dumunung ing sacelakipun Oleh-leh ragi kaprenah wetanipun sakedhik, inggih punika ing nagari Groot Aceh.

Wonten malih pasiten ingkang nama Pante Cereumen dumunung ing sacelaking Padang Ciji ing Mukim VII ing nagari Pedir, miturut pamanggihipun Tuan Rouffaer ingkang dipun wastani nagari Cermin ing nginggil, mbokmenawi inggih Cermin, Pantai Cermin utawi Kuta Pantae Cereumin salah satunggal. Dene dunungipun wonten ing Sumatra punika kenging katamtokaken.

II. MBRASTHA PRAJA BUDHA

Risaking karatonipun ratu Budha nagari Majapahit, kados ingkang sampun kula cariyosaken ing nginggil, Serat Pararaton mboten nyebutaken. Ing sasedanipun nata ing Majapahit ingkang wekasan ing salebetipun tahun Çaka 1400 utawi ing tahun Walandi 1478.

Ing tahun Çaka 1403 utawi ing tahun Walandi 1481 Pararaton nyariyosaken wonten redi anjeblug. Menawi menika minangka pasemoning risakipun karaton ing Majapahit, dados risakipun inggih wonten ing salebeting tahun 1403 Çaka. Punapa sayektos risakipun karaton Majapahit kala ing salebeting tahun 1400 Çaka kados ingkang kasebut ing serat babad utawi miturut ing kinten-kinten kala ing tahun Çaka 1403 kados ingkang kasebut ing ninggil.

Sela mboten kirang saking tigang iji, saking salebeting wewengkon nagari Majapahit kina. Tiga pisan mawi ciri angka tahun Çaka 1408, sarta seratan ingkang tumrap ing angka wau nyebutaken namanipun sang Ratu Girindrawardhana, timuripun nama Dyah Ranawijaya. Seratan ing salah satunggiling sela wau nyebutaken : Maharaja nata ing Wilwatikta, Daha, Jenggala tuwin Kediri.

Ing sanesipun seratan, kasebut bilih sang nata ing Wilwatikta wau kabawah dhateng nata ing Keling ingkang sami tunggil asalipun ingkang nurunaken. Dene seratan ing sela ingkang nomer tiga nyebutaken perang ing Majapahit kala ing tahun 1481 ?? angkanipun mboten terang, ingkang manggih Tuan Verbeek sarta kasebut ing karanganipun Lijst van Oudheden van Java (Verh. Bataviaasch Genootschap XLVI 1891 No. 489, 491 en 492), punapa malih inh karanganipun Dr. Brandes ingkang kawrat ing Not. Bat. Gen. 1888 Bijlage II sub d op pag XIII – XVIII. Dene miturut pamanggihipun Profesor Veth. ing karanganipun Java 2e druk (M. Snelleman & Niemeyer) I. 1896 pag. 70-71 en 242-243 ing saderengipun wonten panggihan seratan malih ingkang nerangaken kalayan cetha, yen sirnanipun karaton ing Majapahit teksih lami letipun kaliyan tahun Caka 1400, kenging

kapirid saking seratan wau wonten ing salebeting tahun 1408 Çaka, utawi watawis wonten ing salebeting tahun Çaka 1410 saminipun ing tahun Walandi 1488.

Tuan Rouffaer sampun angsal katerangan bab wau, nanging mboten saking seratan Jawi, seratan ing tembung Portegis ing kala tanggal kaping 6 Januari tahun 1514, ingkang saweg wiwit kaecap kala ing wulan September tahun 1892. Cariyos ingkang kasebut ing serat wau dipun sekseni serat-serat sanesipun ingkang ugi dede seratan tembung Jawi. Kayektosanipun miturut Tuan Rouffaer, nagari Majapahit sasampunipun saya suda luhuring kawibawanipun sampun wiwit badhe sirna kala ing tahun Çaka 1322 utawi ing tahun Walandi 1400, risakipun sayektos dening titiyang agami Islam wonten ing saantawisipun tahun Çaka 1438–1443, utawi ing tahun Walandi 1516–1521, dene ingkang prasasat kenging dipun tamtokaken rebahipun kala ing tahun 1440 Çaka, utawi ing tahun Walandi 1518.

Ing ngandhap punika tandha kasaksenipun ingkang kaanggep kekah dening Tuan Rouffer:

Ingkang sapisan, miturut seratan tigang iji ingkang kasebut ing nginggil, kala ing tahun Çaka 1408, nagari Majapahit teksih lulus, dereng rinisak dening tiyang Islam, tahunipun Walandi 1486.

Ingkang kaping kalih, miturut Serat Da Asia ingkang kawedalaken dening Joao de Barros, juru nganggit ingkang winasis ing nagari Portugal, sarta ingkang sawatawis laminipun sinampiran pandamelan anganggit-anggit wawaton serat-serat cathetan tuwin palapuran sapanunggilanipun, kagunganipun nagari. Serat anggitanipun ingkang misuwur Da Asia, wau, (Bab Tanah Asiyah) nyariyosaken makaten:

Nalika dhatengipun sapisan titiyang Portugis ing tanah Hindia dipun pangagengi dening Vaṇco de Gama, dumugi ing Kalikut ing tanah Industan, kala tanggal kaping 20 wulan Mei tahun 1498, kala samanten sadaya pasiten wiwit ing Çintakora, ajeng-ajengan kaliyan pulo Anchediva dumunung ing 14^{o} 45' wiyar mangaler (N.B) sarta ing 74^{o} 8', panjang mangetan (O.L) ing saantawisipun Goa kaliyan Onawar utawi Onar, titiyang-

ipun Islam, dene saking ngriku sapangetan titiyangipun Hindu, kajawi ing karajan Malaka, sarta ing saperanganing pasisiripun pulo Sumatra tuwin ing palabuhan-palabuhanipun sawatawis ing pulo Jawi. Punapa dene ing kapulowan Molokus, titiyangipun sampun sami Islam.

Ingkang kaping tiga, ing pengetanipun karajan Cina kalajamanipun trah Ming angasta paprentahan, wonten pitembunganipun ingkang nyariyosaken yen kala ing tahun Walandi 1499 Çaka nuju tahun 1421, wonten utusan saking tanah Jawi dhateng ing nagari Cina angaturaken bulu bekti (envoys with tribute) (punapa pituwasing kapitunan kawonipun perang ratu ing tanah Jawi?) dhateng sang nata ing nagari Cina, mangka ing sangandhaping pengetan tahun 1446 sampun kacariyosaken yen awit ing tahun wau lumadosing bulu bekti saking tanah Jawi dhateng nagari Cina sampun awis-awis.

Ing tahun Walandi 1452, 1460 sarta 1465, saderengipun tahun 1499, kacariyos malih lumadosipun bulu bekti, ing sabakdaning tahun 1499 lajeng mboten wonten cariyosipun malih. Miturut pratelan ing ngajeng kala ing tahun Walandi 1352 utawi Çaka 1374 ingkang jumeneng nata ing Majapahit Bre Pamotan inggih Rajasawardhana, nata ing Majapahit ingkang kaping 11, dene kala lumadosipun bulu bekti ing tahun Walandi 1460 sarta 1465, saminipun tahun Çaka 1382 saha 1387 ing Majapahit nuju jumenengipun nata ingkang kaping 12 inggih punika Hyang Purwawisesa. Miturut pengetanipun bangsa Cina kala tahun Walandi 1460, utawi Çaka 1382, nata ing Majapahit dipun wastani nata ing Tumapan (Tumapan = Tumapel). limrahing nagari Cina namanipun nagari Majapahit taksih kalestantunaken Tumapel, miturut ing nalika nagari Majapahit kabagi tiga, kala ing tahun Walandi 1389 dumugi 1406, utawi tahun 1311 dumugi 1328 Çaka, karaton kilen ing Majapahit kaliyan Tumapel kabawah dhateng Hyang Wisesa inggih Ajiwikrama, putranipun mantu sang Hayamwuruk, garwanipun Bre Lasem I, kasebut ing Pararaton jilidan II, paparab sang Ayu, patutan saking Padukasori, garwa prameswari.

Karaton ingkang wetan ing Blambangan, kabawah dhateng

Bre Wirabumi, putranipun Hayamwuruk saking garwa selir (biniaji).

Ingkang kaping sakawan, miturut serat-serat anggitanipun para pangarang bangsa Portugis ingkang sepuh-sepuh ing jaman samanten, kadosta: ing serat anggitanipun Constanheda kala ing tahun 1552, Çaka 1474, sarta Serat Deo anggitanipun Barros kala ing tahun 1553 (Çaka 1475), serat anggitanipun Alfonco (alias Braz) d' Albuquerque ingkang nyariyosaken bab lalampahaning tiyang sepuhipun kala ing tahun 1557 (Çaka 1479), sami nyariosaken kala ing tahun 1511 (Çaka 1433) nuju ing awalipun wulan Nopember, watawis let kalih wulan kaliyan bedhahipun tanah Malaka rinayud dening titiyang Portugis kala ing tanggal kaping 16 ing wulanipun Agustus, kajawi para utusanipun raja-raja ing sakiwa tengenipun nagari ingkang sampun teluk dhateng titiyang Portegis, sami mahargya dhateng : Albuquerque pangagengipun bangsa Portugis ingkang ngrayud nagari Malaka, inggih wonten utusanipun ratu Budha ing pulo Jawi ingkang dhateng, punika yen miturut Barros. Miturut ing karanganipun Constanheda sarta d' Albuquerque mboten mawi mastani ratu Budha, namung utusanipun ratu ing pulo Jawi inggih dhateng, dene mirid sasambetaning cariyos ing karangipun Constanheda sarta d' Albuquerque tetela yen ingkang dipun cariyosaken ratu Budha wau, nata ing Majapahit.

Notipun Tuan Rouffaer bab h ngewrat pethikan saking serat De Historia da India (Babad ing India) anggitanipun Constanheda nyariosaken bab pulo Jawi kala alamipun d' Albuquerque kados ingkang kasebut ing ngandhap:

Ratu ingkang ageng piyambak ing pulo Jawi, agami Budha. Karatonipun manggen ing tengahing negari, ageng panguwasanipun, kathah kawulanipun, ing pasisiripun pulo Jawi wonten ugi ratu-ratu ingkang agaminipun Islam, ingkang kabawah dhateng sang ratu Budha. Para ratu wau kala-kala wonten ingkang mbalela ngraman, purun dhateng ratu ingkang ambawahaken, nanging inggih lajeng kawon nungkul dhateng sang ratu ageng malih.

mBokmanawi ingkang dipun wastani para ratu ing pasisir wau salong para adipati ing pasisir, ingkang kala jaman samanten

agenging panguwasanipun meh mboten beda kaliyan ratu. Ratu ageng wau sareng sampun mireng menawi tiyang Portegis sampun saged nelukaken tanah Malaka, sakelangkung kageting galih. Lajeng kagungan kersa badhe apawong mitran kaliyan titiyang Portegis, ingkang ugi kalampahan sarana amatah dundhaka dhateng Malaka ambekta pisungsung warni waos (tumbak) kalih welas iji tuwin sanes-sanesipun, kaaturaken dhateng d' Albuquerque, gubernur ing tanah Malaka ingkang minangka pangagengipun tiyang Portegis.

Bab wontening pisungsung sampun kasebut wonten ing serat bab tanah Jawi anggitanipun Profesor Veth ing jilidan angka I kaca 262, punapa malih Alfonco d' Albuquerque, nyebutaken ing serat karanganipun: Commentarios d' Alfonco D' Albuquerque, sareng utusanipun sang nata wau sampun mangkat saking Kamper, lajeng wonten utusanipun sang nata saking ing pulo Jawi malih ingkang sampun pinten-pinten dinten lampahipun, kapanggih kaliyan d' Albuquerque angaturaken pisungsung tuwin sanes-sanesipun, punapa malih naweni bantu tiyang sarta punapa kekiranganipun tiyang Portegis kangge perang nelukaken negari Malaka, amargi sang nata ing tanah Jawi ing ngajeng sulaya kaliyan sultan ing Malaka, ingkang kala samanten tansah menet sarta damel pakewed warni-warni dhateng kawula Jawi ingkang wonten ing Malaka.

Ing awalipun wulan Juni tahun 1513 saminipun tahun Çaka 1435 miturut pengetan Portegis ingkang kawrat ing anggitanipun Tuan Rouffaer, Patiunus ingkang sanget misuwur ing kawanteranipun nempuh tiyang Portegis dhateng Malaka. Miturut babad yasanipun Tuan GJF Biegman "Hikayat Tanah Hindia" cap-capan ing tahun 1694 ing kaca 20, baita saking pulo Jawi ingkang kaangkataken dhateng Malaka kapandhegan dening Patiunus, kathahipun 90 sarta wadya kathahipun 12.000, milanipun makaten jalaran titiyang Jawi ingkang dudunung ing Malaka kala ing jaman samanten kathah. Sang nata mboten rena ing galihipun dene titiyang wau sami kawengku ing gegebengan panguwasanipun tiyang Portegis. Menggah nata ing tanah Jawi ingkang pundi mboten kacariyosaken.

Ing salajengipun serat karanganipun Tuan Rouffaer pipiridan saking pengetan Portegis, nyariyosaken manawi panempuhaken Patiunus wau tinanggulang titiyang Portegis. Tiyang Jawi kawon perangipun, Patiunus lumajar andhelik wonten ing jong saha lajeng oncat lalayaran wangsul dhateng pulo Jawi.

Satunggiling tiyang sugih anderbala bangsa Keling ing nagari Malaka, ingkang taksih ngrasuk agami Hindu samanten angebang, sinten-sintena tiyangipun ingkang saged nyepeng Patiunus badhe tampi ganjaran kathah.

Pati Unus saged wilujeng dumugi ing Jepara. Pramila lampahipun njujug ing Jepara, awit Patiunus mila dados pangagengipun ing nagari ngriku. Jong ingkang dipun tumpaki kangge oncat saking Malaka, dumugi ing Jepara minangka pangenget-enget lalampahanipun dipun dumugekaken ing gisik mawi sinung cungkup.

Ing saantukipun Pati Unus, para ageng kathah ingkang sami tuwi, anglilipur manahipun Pati Unus dene ngantos kawon kapalajar saking payudan. Wangsulanipun Patiunus, manahipun sampun lipur, jalaran kapalajaripun saking payudan mboten tilar kautamen dene mengsah ingkang kekendelanipun kalangkung-langkung. Sagedipun oncat saking gegemanipun mengsah sarana jong, ingkang cinungkup kangge pangenget-enget lalampahanipun.

Menggah wontening lalampahan wau kaanggep kautamen sarta kawanteran ingkang linangkung, milanipun ngantos ngajengaken tahun Walandi 1552, cariyosipun taksih tansah dados kembang lambenipun tiyang Jawi. Kacariyos Pati Unus katarimah lalabetanipun wau, ginanjar dening sang Nata, jinunjung dados ratu wonten ing Demak.

Mirid buku anggitanipun Tuan Rouffaer, miturut pangandikanipun Tuan Koen (Gubernur Jendral?) ingkang kasebut ing serat De Jonge: Opkomst IV, kaca 135, ratu sepuh ing Cerbon ngandikaken bab mboten angsalipun damel panglurugipun tiyang Jawi dhateng Malaka kala ing tahun 1512, saminipun ing tahun Çaka 1434.

Seratipun d' Albuquerque Gubernur Jendral Portegis ing

nagari Kananar sakidulipun nagari Kalikut, ingkang kaunjukkaken dhatang sang nata Don Manuel ing nagari Portugal kala tanggal 30 Nopember tahun Walandi 1513, saminipun ing tahun Çaka 1435, anyebutaken bilih sang ratu ing Pahang dunungipun ing tanah Malaka ingkang sisih wetan ingkang pamedalipun jene (emas), purugipun dhateng Malaka sumedya nungkul dhateng sang nata ing Portugal sarta asok bulu bekti. Punapa malih ing salebetipun tahun Walandi 1413, ing tahun Çaka 1435, ratu Budha ing Majapahit arsa pawong mitran kaliyan sang nata Don Manuel ing Portugal, ingkang dumunung ing Kananar wau, sarta minta bantu angesahaken para pangageng bangsa Islam ingkang sami mengkoni nagari-nagari bandaran ing tanah Jawi.

Pasaksen ingkang kaping pitu ingkang saya cetha malih. Nalika tanggal kaping 6 wulan Januari tahun 1514, kapten ingkang ngrangkep dados Gubernur Portegis wonten ing nagari Malaka anama Ruy de Brutto, anglapuraken dhateng ratunipun ingkang jujuluk Don Manuel, suraosipun makaten:

Tanah Jawi punika pulo ageng, ratunipun kakalih sami kapir[1] ingkang satunggal karanipun ratu ing Sunda, satunggalipun ratu ing tanah Jawi. Pulo wau wetah (pikajengipun: mboten pedhot-penhot) kajawi ing ngrika-ngriki kaelet-eletan lepen, ingkang kala-kala asat toyanipun. Tanahipun ing pasisir kawengku titiyang agami Islam ingkang ageng panguwasanipun. Titiyangipun dagang ingkang ageng-ageng sarta para pangageng namanipun Gubernur[2] sarta sami gadhah jong kathah. Sarawungipun dagang ingkang tamtu kaliyan nagari Malaka, kathah ingkang sami pawong mitran kaliyan titiyang Portegis utawi kaliyan bangsa sanesipun.

Kajawi ingkang sampun kasebut ing nginggil, teksih wonten tuturutanipun palapuran malih, ngewrat bab lampahipun wangsul baita sakawan. Dumuginipun ing nagari Malaka kala tanggal kaping 22 Juni 1513. Baita sakawan wau kapandhegan dening Joao Lopez Alvin. Pangkatipun saking nagari Malaka kala tang-

1). Ing ngriki: kapir ateges tiyang ingkang nyembah brahala, ingkang mboten manut dhateng agamining para Nabi.

2). Menawi punika: para bupati.

gal 14 wulan Maret, teksih nunggil tahun ing nginggil.

Ing salebeting wulan April sarta Mei teksih nunggil tahun, baita sakawan ingkang kasebut ing nginggil andhatengi sadaya palabuhan-palabuhan ing pulo Jawi, punapa malih kapanggih kaliyan Pati Unus wonten ing Sedayu. Ing ngriku titiyang Portegis sami dipun tampeni kalayan suka pirenaning manah dhateng Pati Unus.

Menggah wontening katerangan ing nginggil punika sakalangkung cetha. Dados yen makaten ing salebeting tahun walandi 1513, saminipun tahun Çaka 1435, ingkang kuwasa ageng ing tanah Jawi teksih ratu ingkang agaminipun Hindu.

Ing serat punika, ingkang kula wastani agami Hindu miturut peranganipun ageng inggih punika kalebet ing tatacaranipun bangsa Hindu ingkang awawaton pipiridan saking agaminipun. Dados tiyang agami Hindu pikajengipun tiyang ingkang ngangge agami Hindu dalah tatacaranipun miturut wawaton agami Hindu, mboten mastani golongan utawi gugununganipun, kadosta:
agami Wisnu, Siwah, Budha, kalebet agami Hindu.

Dene ing peranganipun alit, pikajengipun: tumengkaring agami Brahma, Hindu ing kitriyoga, artosipun ing perangan jaman ingkang kaping tiga, kados ingkang kawrat wonten ing serat: Mahabrata, Ramayana, Puraka, ing Darmasastra, iyasanipun Manuyahnyawalkya, sapanunggilanipun.

Ing nginggil kacariyos, bilih kala ing tahun Walandi 1513 utawi tahun Çaka 1435, ingkang kuwasa ageng ing tanah Jawi ratu ingkang agaminipun Hindu, dunungipun wonten ing tengah nagari. Dene nagari-nagari ing pasisir utawi ing pabandaran sami dipun kuwasani titiyang Islam. Dene nyatanipun yen sang ratu Jawi ingkang kacariyosaken ing pepengetan Portugis taksih agami Hindu wau, punika sang nata ing Majapahit, badhe kasebutaken ing wingking.

Kaping wolu, ing nalika tanggal kaping 8 Januari tahun 1515, kapten ing Malaka ingkang nyepeng pandamelan Gubernur wiwit ing wulan Juli tahun 1514 anama Jorge d' Albuquerque nglapuraken dhateng ratunipun ing nagari Portegis ingkang ajujuluk Don Manuel, suraosipun makaten:

Gusti, ingkang kawula aturaken bab pangukumipun dhateng titiyang Jawi, kados sampun cekap ngangkataken titiyang 600, namung kedah ningali mangsa, dumuginipun ing tanah Jawi lajeng ambesmi sakathahing gudhang saha baitanipun titiyang Jawi. Tamtu lajeng mboten saged males awit dene Patikatir, Patiunus sarta Patirodin ingkang sampun anggolong dados satunggal, janget tinatelon upaminipun. Manawi karisakan salah satunggal, sanesipun sampun tanpa daya. Bilih titiyang Islam dereng nemahi risak dening titiyang Portegis tamtu pangraosipun teksih unggul piyambak, angungkuli kaluhuran dalem. Samangsa sampun dipun sumerepaken sarana patrapan makaten, tamtu lajeng gadhah ering dhateng titiyang Portegis.

Pengetan ingkang kasebut ing nginggil punika, lugu tedhakan saking pepengetan kagunganing nagari ingkang sumimpen ing gedhong pangrumatan serat-serat (archief) ing kita Lisabon, ing nagari Portugal ingkang dereng nate kawedalaken ing papangecapan. Dene Tuan G.P. Rouffaer angsalipun saking pangagenging Juru angrumati serat-serat kagunganing nagari (rijkarchivaris) anama Tuan J.M. de Costa Basto, awit saking pitulunganipun Konsul Jendral praja Nederland ingkang dumunung wonten ing kitha Lisabon, Tuan Ernst George.

Ing nginggil nyebutaken yen nalika ing wulan Januari 1512 Pati Unus teksih wonten, makaten malih Patikatir (kasebut ing Veth: Java I, pag. 206–266) inggih punika ingkang magepokan ing Malaka kala ing salebeting tahun 1511–1512, punapa dene Patirodin ingkang dereng nate kasebut ing serat sanes-sanesipun.

Nitik kawontenaning cariyos ing nginggil, kados-kados ing kala samanten, Patiunus, Patikatir sarta Patirodin, ageng panguwasanipun amengkoni sagentening pulo Jawi, sarta prayagung titiga wau sami sabiyantu ing rembag, agolong dados satunggal nanggulang dhatengipun tiyang Portegis.

Ing serat "O. Livro de D.B" anggitanipun tiyang Portegis anama Duarte Barbosa kala ing tahun 1516, nyariosaken kawontenanipun ing pasisir nagari Malabar. Kala samanten piyambakipun wonten ing ngriku, ugi nyariyosaken bab kawontenaning kapulowan Molokus, kadosta ing Ternate sapanunggilanipun

tuwin kawontenanipun ing pulo Jawi.

Barbosa mawi angsal cariyos saking para mitranipun ingkang dudunung ing pulo-pulo wau. Ing karanganipun Barbosa, kasebut ugi namaning satunggiling adipati ing Tanah Jawi. Namanipun dipun wastani Pale Odara). Menggah wontening aksara 1 punika manawi namung saking kalintunipun ingkang nedhak sarta mertal ing bawa Itali kemawon, mbokmanawi leresipun t, dados: Pate Odara, ingkang pikajengipun: Adipati Hudara. Yen mila yektosa makaten, kalebet langka, awit Adipati Hudara punika gesangipun kala ing jaman Majapahit.

Ing Babad Tanah Jawi, ingkang kapacak ing Serat Pararaton, tembung Walandi, dening Dokter Brandes, minangka kangge panandhingipun sakathahing cariyos ingkang kasebut ing Pararaton (kasebut ing kaca 183) nyariyosaken yen Adipati Hudara punika anakipun Patih Wahan ingkang dados Adipati wonten ing Daha (Kediri) ing kala jamanipun Prabu Brawijaya II ing Majapahit. Adipati Hudara wau ngidra sang Prabu Anom, inggih Brawijaya II ing nalikanipun sang Prabu tedhak papara dhateng wana. Sang Adipati males pejahing sudarma, inggih punika Patih Wanah ingkang pinejahan dening sang Prabu.

Ing dalem Serat Pararaton tembung Walandi kaca 190 dumugi 193, wonten ingkang minangka titimbanganing cariyos nginggil wau. Ingkang kasebut ing kaca 190 dumugi 193 wau satunggiling Serat Kandha asli saking cariyos Jawi, kapacak ing tembung Walandi dening Dokter Brandes.

Kala jaman Majapahit, putranipun Prabu Brawijaya ingkang kaping III (Hardiwijaya), wonten ingkang nama Hudara, ingkang sasedanipun ingkang rama lajeng madeg papatih, amatihi ingkang gumantos kaprabon inggih punika ingkang rayi piyambak, ajujuluk Brawijaya IV, inggih sang Kalamisani. Ing salajengipun Patih Hudara wau minta lereh anggenipun dados papatihipun ingkang rayi saha lajeng lampah palayaran dhateng Kamboja. Patih Hudara punika kacariyos bapakipun Raden Damarwulan, ingkang ing wingking lajeng saged jumeneng ratu, ajujuluk Brawijaya V.

Mirid ingkang kasebut ing nginggil, wonten cariyos warni kalih ingkang kosok wangsul lalampahanipun. Hudara ingkang

kacariyos rumiyin, nyidrani sang Nata. Hudara ingkang kantun madeg patih. Dados wonten Hudara mengsahing ratu, wonten Hudara kekasihing ratu.

Ing saderengipun wonten pasaksen saking serat-serat ingkang langkung sepuh sarta ingkang kenging pinitados, menggahing pangrembag leresipun serat-serat babad yasan enggal, ingkang kathah kenging kaleler kaliyan cariyosipun Babad Tanah Jawi, ingkang rampunging pandamel miturut panalitinipun Dr. Brandes watawis kala pungkasaning abad ingkang kaping pitulas (± 1700) tumapaking abad ingkang kaping wolulas, inggih punika dumugining pandamelipun Serat Kontrak kaliyan wakilipun Kumpeni, Tuan Verijssel, kala tahun Walandi 1743.

Dumugi ing sapunika ingkang dipun wastani Babad Tanah Jawi saweg kasumerepan wonten 3 ingkang kaperang-perang:
A. Ingkang perangan ageng ageng kadadosaken 3: 1. Babad Pajajaran 2. Babad Pajang 3. Babad Mataram 4. Babad Kartasura. Ingkang kawedalaken minangka cariyosipun Seratkabar Jurumartani kala ing tahun Walandi 1870 dumugi 1975, lajeng kawedalaken warni buku mawi nama-nama wau wonten ing pangecapanipun Tuan Jonas Portier ing Surakarta.
B. Ingkang kawedalaken mawi cariyos gancaran dening Tuan Meinsma, sarta bab beteng ing Kartasura kala ing tahun 1741, ingkang kawedalaken minangka panjurung ing Taal Land- en Volkenkunde, tuwin Babad Kartasura cariyos gancaran, miturut damelanipun Tuan Winter sepuh (C.F. Winter Sr.), panunggilanipun ingkang kawedalaken mawi sekar ing pangecapanipun Tuan G.C.T. van Dorp ing Semarang kala ing tahun 1874, nama: Babad Pacina.
C. Ingkang kawedalaken dados kawan jilid dening pangecapan Van Dorp kala ing tahun 1884 dumugi 1890, mawi nama rangkep, inggih punika: Babad Pajajaran sarta Babad Tanah Jawi.

Ingkang dipun wastani serat babad utawi asring namung dipun wastani babad punika serat ingkang nyariyosaken lalampahanipun satunggaling nagari. Serat serat babad wau sanadyan namanipun sami, cariyosipun asring wonten ingkang geseh, jalaran pandamelipun mboten dipun mupakataken. Punapa malih manawi

dipun tandhing kaliyan kawontenaning babadipun bangsa Eropah, sanadyan maksudipun pancen sami, kathah sanget bedanipun. Kadosta upaminipun ingkang dipun wastani: Babad Jenggala, Babad Majapahit, Babad Demak, Babad Pajang, Babad Mataram, Babad Kartasura, Babad Pacina, sapanunggilanipun. Nama-namanipun wau pancen mboten mantuk kalian pikajengipun. Serat-serat karanganipun para saged bangsa Eropa, punapa malih babad, nama-nama wau minangka kangge riringkesan suraosipun cariyos ingkang kawrat wonten satunggiling serat, supados ingkang badhe maos lajeng sumerep ingkang kacariyosaken wonten ing serat ingkang badhe kawaos wau.

Upaminipun Babad Jenggala, inggih namung nyariosaken wontenipun lalampahan ing nagari Jenggala kemawon. Malah cariyosipun ingkang pokok meh katutupan, namung kacariyosaken sakedhik. Dados yen miturut ing tatandhingan wau, babad-babad ingkang kasebut ing nginggil, kenging dipun wastani peranganipun Serat Babad Tanah Jawi, dede peperanganipun lalampahan nagari ingkang kenging kalebetaken ing Babad Tanah Jawi, kadosta: Babad Dipanegara, yasanipun Kangjeng Pangeran Dipanagara I, ugi mawi karumiyinan cariyos lalampahan ing tanah Jawi kala jaman kina, ingkang sampun kasebut ing Babad Tanah Jawi. Menggah perlunipun namung kangge tuturutaning cariyos ingkang tumrap ing nama wau, ananging ngirangi kikiyatan tumanjaning namanipun.

Kajawi punika wonten ugi babad-babad ingkang cocog kaliyan namanipun, kadosta: Babad Banten, Babad Cerbon, Babad Banyumas, Babad Pasir, Babad Besuki, Babad Bandawasa, Babad Balambang, Babad Madura, sasaminipun.

Babad Palihan Nagari, nyariyosaken wiwiting adegipun karaton Surakarta sarta amekasi cariyos bab pandumaning siti ingkang dhateng Kangjeng Pangeran Adipati Mangkunagara I, bab Palihan Nagari yasanipun Raden Ngabei Yasadipuro salong kawedalaken wonten ing Surakarta, salong ing Ngayogyakarta kala ing tahun Walandi 1885 sarta ing tahun 1888 sarta sinung nama Babad Giyanti tuwin Babad Surakarta I dumugi III.

Babad Bedhahing Ngayogya, purwanipun nyariyosaken wi-

witipun Tuan Daendels ngasta paprentahan, dene ing wekasanipun ingkang dipun cariyosaken ngantos tebih sanget letipun kaliyan bedhahipun karaton Ngayogya dening wadya Inggris. Dene Babad Banten sarta Babad Cerbon, ingkang ageng inggih mboten tilar cariyos ingkang kathah-kathah ingkang sampun kelimrah kawrat wonten ing Serat Babad Tanah Jawi. Menggah ingkang makaten punika, pikajengipun ingkang nganggit mbokmenawi ngiras kangge mengeti cariyosing lalampahan turutipun ingkang piyambakipun dereng gadhah, awit limrahing Jawi serat anggitan wau kaanggep tetep gadhahanipun ingkang nganggit, mboten angrembag yen anggitanipun wau badhe dados waosanipun tiyang kathah. Pramila cariyosipun wonten ingkang sanes, terkadhang mawi dipun suda utawi dipun wewahi menawi sakinten wonten cariyosipun ingkang awon utawi ingkang sae anggepok dhateng ingkang nurunaken awakipun, utawi yen badhe angengingi tiyang ingkang dipun ajrihi. Awit yen mboten kaleresan inggih andrawasi sayektos dhateng drajadipun ingkang ngarang wau.

Kosok wangsulipun asring manggih begja utawi kandel manawi kaleresan anggenipun ngaben manis sanadyan cariyos wau pancen mboten saleresipun, jalaran ing donya Jawi pangrembagipun serat-serat dereng kalimrah mawi pinaben (Critiek) kados satataning Eropa ingkang namung mawang leres sarta ingayoman ing leleresan.

Ingkang dipun wastani Serat Kandha ing nginggil, manawi punika Serat cariyos Damarwulan.

Miturut ingkang kasebut ing notipun Dr. Brandes serat Cariyos Damarwulan punika kathah saha warni-warni. Serat Cariyos Damarwulan ingkang dipun uningani dening Tuan Roorda van Eysinga punika tamtu wedalan ingkang kina puyambak, sarta beda kaliyan angsalipun Tuan Winter sepuh (Winter Sr.) ingkang lajeng dipun damel cariyos gancaran sumimpen ing kitha Leiden. Wiwitanipun cariyos punika ing Genootschap ing Betawi inggih sampun wonten, malah seratanipun teksih Jawi Kina tumrap ing kropak, sinengkalan: mantri kuda obahing rat (1673) saminipun ing tahun Walandi 1748. Dene angsalipun Tuan Winter

sepuh wau mawi sinengkalan: wil obah nunggang jalma (1765), ingkang kaping tiga miturut pengetanipun Raden Mas Ismangun Danuwinata, yasanipun Raden Rangga Prawirodirjo ing Maospati, rumiyin wadana bupati ing manca nagari.

Ewah-ewahipun cariyos ingalami-lami angicalaken cariyos lugunipun ing kina, ing wekasan mboten saged kasumerepan pundi ingkang leres pundi ingkang lepat.

Amangsuli cariyos ing nginggil, sarehning ingkang dipun wastani Serat Kandha wau pandamelipun saweg watawis ing kala tahun Walandi 1800 kemawon, dados menggah Hudara punika ingkang kenging kaanggep yektos inggih Hudara anakipun Patiwahan, ananging seseratan ingkang tumrap ing sela tiga kala tahun 1408 Çaka saminipun ing tahun Walandi 1486 sarta ingkang jinarwanan dening Dr. Brandes kawrat ing panjurungipun II dhateng Bataviaasch Genootschap, seseratan ing salah satunggiling sela wau nyariyosaken yen Wahan inggih Rakyan Empu Tohan, papatihipun sang Prabu ing Majapahit ingkang kala samanten ajujuluk Girindrawardhana kala timuripun anama Dyah Ragawijaya.

Ing adeg-adeg A note I kaca 27, Dr. Brandes mawi mastani mbokmanawi Tohan punika ingkang dipun wastani Wahan ing Serat Babad Tanah Jawi, kalintuning aksara, ta saged ugi dados: wa.

Yen makaten menggah ingkang kacariyos ing nginggil, miturut pepengetanipun titiyang Portegis. Cocogipun kaliyan seratan ing sela kala ing tahun Çaka 1408 saminipun ing tahun Walandi 1486, punapa malih kaliyan pengetan Portegis kala ing tahun Walandi 1516 saminipun tahun Çaka 1438, tuwin ing babad Tanah Jawi ingkang rampunging pandamelipun watawis ing tahun Çaka 1622 utawi ing tahun Walandi ± 1700.

Kala ing tahun Walandi 1515 pangagenging ratu Hindu ing tanah Jawi anama Prabu Hudara, rumiyinipun Adipati ing Kediri anakipun tilas papatih ing Majapahit anama Rakyan Empu Tahan ingkang pinejahan dening ratunipun kala ing sabakdaning tahun Çaka 1408, saminipun ing tahun Walandi 1486. Pejahing bapa winalesaken dening anak, inggih punika Adipati Hudara ingkang lajeng madeg ratu ing Majapahit kala ing saantawisipun

tahun Çaka 1408–1435, saminipun ing tahun Walandi 1486–1513, mbokmenawi ing salabetipun tahun Çaka ± 1420, saminipun ing tahun Walandi ± 1498. Dene cundaka saking tanah Jawi ingkang dhateng ing nagari Cina ing salabeting tahun Walandi 1499 utawi ing tahun Çaka 1421 menawi utusanipun sang nata punika. Dados yen makaten ingkang kasebut ing Pararaton, tahun wiwit jumenengipun Hayamwuruk kedah dipun kaoli malih nuju ngajengaken tahun Caka 1278 sarta ing sabakdaning tahun Çaka 1265, saminipun ing tahun Walandi ngajengaken warsa 1356, sarta sabakdaning warsa 1343, malah mbokmanawi ing tahun Caka 1273 ing tahun Walandi 1351, dene lugunipun ingkang kalampahan saantawisipun tahun Çaka 1438, kaliyan tahun 1443 utawi ing antawisipun tahun Walandi 1516 kaliyan 1521, menggah yektosipun mboten saged utawi mboten badhe saged kasumerepan, ananging miturut pasaksen ingkang sampun kasebut ing ngajeng sarta ingkang badhe kasebutaken ing ngandhap, bedhahing karaton ing Majapahit tamtu wonten ing saantawisipun tahun Walandi 1516 kaliyan 1521 utawi ing saantawisipun tahun Çaka 1438 kaliyan 1443.

Salah satunggiling baita panunggilaning bragada baita-baita Sepanyol ingkang dipun pangagengi dening Magelhaens anama La Victoria ingkang dipun pandhegani dening Eleaw, inggih punika kala lalayaran angubengi bumi, sasampunipun labuh jangkar ing Pulo Timur angsal kawan welas dinten, lajeng pangkat lalayaran saking ngriku kala tanggal kaping 11 wulan Pebruari tahun 1522, saminipun ing tahun Çaka ± 1444. Wondene ingkang numpang ing ngriku tiyang Itali anama Antonie Pigafetta. Menggah perlunipun namung ngupadosi misuwuring namanipun. Saben dinten Antonie Pigafetta amengeti kawontenipun ingkang pinanggih ing seserepan, awit saking kasarjananipun.

Antonie Pigafette saben-saben pinatah minangka cundakanipun titiyang Sepanyol dhateng titiyang ing pulo-pulo ingkang dipun ampiri. Makaten malih nalika baita ingkang dipun tumpaki kendel wonten ing Timur, mboten wonten malihipun ingkang nyerati kawontenanipun ing nagari ngriku sarta nagari-nagari sanesipun kaliyan satiti kajawi Pigafetta.

Nalika tanggal kaping 8 September 1522 sareng baitanipun ingkang dipun tumpaki sampun dumugi ing Saville, let pitung dinten Antonie Pigafetta lajeng nyuwun sowan ing ngarsanipun sang Nata Karel V. Ing sakawit mboten tinampenan kados pangajeng-ajengipun, ing wusana Antonie Pigafetta lajeng kesah ing sapurug-purug ngupados pangayoman sarta pangecapan anggenipun badhe ngawedalaken pengetanipun. Kalampahan kala ing saantawisipun tahun Walandi 1524 kaliyan 1534, saminipun ing tahun Jawi (Çaka) ing saantawisipun 1446 kaliyan warsa 1456, pengetanipun saged kawedalaken wonten ing kitha Paris, ing nagari Prasman, sanadyan wedalipun namung dhapur pertalan cekakan, ewadene sampun lowung.

Sareng ing tahun Walandi 1550 saminipun ing tahun Jawi 1472, kalanipun Ramusio badhe ngawedalaken anggitanipun Antonie Pigafetta bab lalampahanipun nagari, katunggilken kaliyan anggitanipun ingkang sampun kapertal ing basa Prasman sarana kapertal ing tembung Itali malih ingkang dereng nyekapi. Dumuginipun ing pungkasaning abad ingkang kaping sangalas, pangarang anama Amoretti kapareng angarang pengetanipun Antonie Pigafetta ing tembung Itali, ananging kalentunipun teka mawi dipun karang malih, mboten namung kalugokaken babonipun. Saya kalintu malih mawi dipun sambeti cariyos ing salajengipun ingkang mboten satiti pandamelipun.

Ing nalika tahun 1894 pangarang bangsa Itali anama Andrea da Masto, angedalaken serat karangan sarana pambyantunipun minister pamulangan Tuan Relazione ingkang langkung terang sarta nglugokaken babon pengetanipun Antonie Pigafetta ing Koninklijk Instituut wonten satunggil jilid.

Ing serat anggitanipun Amoretti ing bab ingkang nyariyosaken Majapahit wonten ingkang kalintu sakedhik, nanging sanget sarta kisruh, punapa malih ruwet cariyosipun, ingkang anjlungupaken Tuan Tiele sarta Profesor Veth.

Anggitanipun Amoretti, kaca 172–173 ing basa Itali ingkang kawedalaken ing kitha Milaan, kala ing tahun 1800, anyariyosaken menawi nalika Pigafetta ing salebeting tanggal 26 Janurari, Desember dumugi 11 Pebruari tahun 1522, ngupados katerangan

cariyos bab kawontenanipun ing pulo Jawi, angsal-angsalanipun kados ing ngandhap punika:

(I). Titiyang ing pulo Timur amastani pulo Jawi, ingkang dipun wastani Java Major (Jawi ageng) dening titiyang Sepanyol (Djawa). Menggah nagari-nagari ing pulo Jawi ingkang ageng piyambak, ingkang sapisan: Majapahit, (Madjapaher), ratunipun ing nagari-nagari ngriku kala teksih sugengipun, samisami ratu ing pulo-pulo kiwa tengenipun, ageng piyambak panguwasanipun, sarta ajujuluk: Raja Pati Unus Sunda, ing ngriku (ing pulo Jawi) kathah tanemanipun mrica. Dene nagari-nagari ingkang ageng sanesipun punika: Daha, Demak, Gajahmada, Mentaraman, Jepara, Sidayu, Tuban, Gresik, tuwin Surabaya.

Let satengah mil saking pulo Jawi wonten pulo-pulonipun malih, namanipun kapulowan Bali. Tiyang Portegis amastani Java Minor, sarta pulo Madura, menggah anggenipun pulo-pulo punika salang sebat kemawon.

Para pengarang Tuan-tuan S(paan?) sarta V(alck?), pangarangipun serat-serat dadamelanipun inggih sampun anetepi punapa ungeling serat babon anggitanipun Tuan Amoretti, bab pulo Jawi ageng (Java Maggiore, kaca: 172–173) dene ing candhakipun, anggitaning tuan-tuan sakaliyan wau: Nog iets over de oudste Mohammedaansche vorsten op Java, inggih punika wewahan sawatawis bab para ratu Islam ing pulo Jawi ingkang sepuh-sepuh piyambak, kasebut ing Tijdschrift van Ned. Indie kala ing tahun 1871 ing bagian II kaca: 444–446 nyebutaken manawi sakathahing karaton tuwin nagari ingkang kasebut ing anggitanipun Pigafetta, ingkang kawedalaken ing basa Prasman dening Amoretti, kala ing saantawisipun tanggal 22 September 1800 tuwin 23 September 1801 ing kaca 216–217, inggih punika pertalan ingkang cinacad kirang jangkep dening Tuan Rouffaer, sampun pinanggih maksudipun, sarana kaparinci aksaranipun kadosta: ingkang dipun waştani karaton Gajahmada (amriksanana Veth: Java I, kaca 256), mbokmanawi ingkang langkung pakewed madosi leresipun tembung: Minutaangen,

pikajengipun: Mataram utawi Mentaraman[1] inggih karaton Mataram, ing Veth: Java I, kaca 279 note 4, kasebut manawi medaling anggitanipun Pigafetta awonten ing salebetipun tahun 1830. Keterangan punika saking lepating pangecapan kemawon, leresipun: 1800. Kajawi punika ing Veth: Java I, cap-capan ingkang kaping kalih, pinanggih kathah panunggilanipun lepat alit-alit saking pangecapanipun. Awit pertalanipun Amoretti saking anggitanipun Pigafetta, Tuan Tiele nyariyosaken ing panjurungipun dhateng Koninklijk Instituut 4 I tahun 1878 ing kaca 346 ing note 4 makaten:

Pigafetta amastani yen ingkang dipun wastani Raja Pati Unus utawi Dipati Unus wau Prabu ing Majapahit ingkang wekasan. Barros amastani yen Raja Pati Unus lajeng dados ratu wonten ing Pasundan, Profesor Veth nglugokaken ungeling anggitanipun Barros amastani yen Dipati Unus lajeng madeg ratu wonten ing Pasundan, kasebut ing Veth: Java I 1896 kaca 279 ing note 4.

Menggah cariyosipun Pigafetta ingkang kasebut ing pertalanipun Amoretti ingkang makaten punika kangelan anggenipun nginten-nginten, mbokmenawi saking kalintunipun anggening angsal katerangan nalika wonten ing Timur. Nagari karaton ing Pasundan kalintu kaliyan nagari karaton ing tanah Jawi.

Menggah leresipun ingkang kasebut ing nginggil, ingkang kula sukani tandha (I) punika makaten:

Titiyang Timur amastani Pulo Jawi (ingkang dipun wastani Java Major) (Jawi Ageng) dening titiyang Sepanyol: Jawa, menggah nagari-nagari ing pulo Jawi ingkang ageng piyambak punika Majapahit (Madjapaher), ratunipun ing ngriku kala teksih sugengipun sami-sami ratu ing pulo-pulo kiwa tengenipun ageng piyambak sarta jujuluk Raja Pati Unus (malihipun) Sunda, ing ngriku kathah tanemanipun mrica, tuwin Daha, Demak, Gajahmada, Mentaraman, Japara, Sidayu, Tuban, Gresik, Surabaya, sarta Bali. Dene ingkang kening ugi dipun wastani Jawi Alit (Java Minor) (miturut cariyosipun tiyang Timur dhateng Pigafetta) punika

1). mBokmanawi Mataraman punika miturut nama anggenipun mestani titiyang ing Timur, ing pamirengipun tiyang Itali utawi Sepanyol dados Minutaangen.

pulo Madura ingkang dunungipun watawis satengah mil saking pulo Jawi ageng (Java Major).

Serat anggitanipun Barros ingkang kawedalaken sapisan kala ing salebeting tahun Walandi 1553, ingkang nyariyosaken kalanipun tanah Malaka linurugan dening Pati Unus (Dipati Unus) nalika ing akhiripun tahun Walandi 1512, ing lib. (bab) IX cap (adeg-adeg) 4 ing perangan cariyos wau Barros nyariyosaken kalayan cekak bab wontenipun ing tanah Jawi kala jaman rumiyin, titiyangipun ing ngriku sami nembah brahala, ananging lamilami titiyangipun ing pasisir sarta ing kitha-kitha pabandaran dipun islamaken dening bangsanipun piyambak. Titiyang bangsanipun piyambak ingkang ngislamaken wau sami tampi wulang bab agami Islam saking titiyang Malayu ing Malaka ingkang sami dhateng gagramen ing pulo Jawi. Dene nalika titiyang Portegis angendhih nagari Malaka, ingkang dados pangagengipun ing nagari Jepara namanipun Pati (Dipati) Unus ingkang salajengipun madeg ratu wonten tanah Pasundan.

Ananging pangarang Barros ing salajengipun ing wingking mboten nyariyosaken punapa-punapa malih bab ingkang magepokan kaliyan madegipun ratu: Pati Unus (mriksanana Veth. I pag. 279), mangka pancen langkung prayogi bab wau dipun cariyosna, tinimbang ingkang kasebutaken ing anggitanipun ingkang kawedalaken dening Lavanha wonten ing kitha Madrid ing nagari Sepanyol, kala ing tahun Walandi 1615, inggih punika sambetipun Serat de Asia jilidan IV, nama Serat Decade ing cap. (adeg-adeg) 12 ing lib. (bab) ing Decade IV. (jilidan) Barros[1] nyariosaken bab manjingipun agami Islam tanah Pasundan[2] kala ing salebeting tahun Walandi 1526, saminipun ing tahun Çaka 1448. Ing saderingipun Barros mawi nyariyosaken kathah-kathah bab kontrakipun titiyang Portegis kaliyan ratu Hindu (agaminipun) ing Sunda ingkang jujuluk Sanghyang ing Sundakelapa, kala tanggal kaping 21 Agustus 1522, mriksanana Veth.

---

1). Barros tilaripun wonten ing nagari Portegis ing salebeting tahun 1570.

2). Cariyosipun Barros punika tetala mboten katunggilan cariyosipun Lavanha piyambak, jalaran cariyosipun sami kaserat wonten ing pinggiripun seseratan, adhapur kadosdene note utawi ing ngajeng wingkingipun pitembunganipun piyambak mawi sinung aanhalingsteeken: "....."

I kaca 280–281, baboning kontrak wau dumugi sepriki tesih wonten ing Lisabon, malah dipun rembag ngantos ngalantrah wonten ing serat: Alguns Documentos etc. ing adeg-adeg g, ing kaca 460–461 ingkang kaecap saha kawedalaken wonten ing kitha Lisabon, ing nagari Portegis kala ing tahun 1892.

Saupami nalikanipun Barros ngarang serat Da Asia Decade IV (jilidan) Lib. I (bab) cap. 12 (adeg-adeg) mawi nyandhing sarta mendhet pipiridan saking Serat Kontrak wau tamtu langkung cetha malih tinimbang namung nyariyosaken sawatawis yen ing saderengipun tahun Walandi 1522, tanah Sunda sampun wonten ing gegemanipun tiyang Islam, ingkang mangka pangagengipun Pati Unus.

Ananging cariyosipun Barros bab dadosipun ratu Pati Unus wonten ing Sunda wau mboten miyambaki, sareng Tuan Rouffaer sampun angsal lugining babonipun serat anggitanipun Pigafetta ingkang sampun kacariyosaken ing ngajeng yen pertalanipun cekakan ing tembung Prasman sampun nate kawedalaken wonten ing kitha Paris kala ing saantawisipun tahun 1524 kaliyan 1534. Pigafetta ugi nyariyosaken kalayan terang yen Pati (Dipati) Unus madeg ratu wonten ing Majapahit, dene Castanheda nyariyosaken yen Pati Unus madeg ratu wonten ing Demak. Cariyosipun sadaya wau madegipun ratu Pati Unus ngajengaken tahun 1522, saminipun ing tahun Caka ngajengaken tahun 1444, inggih punika nunggil tahun kaliyan kala tilaripun.

Cekakipun Barros ragi kelangkip, mbokmanawi sareng ndumugekaken anggitanipun inggih mangertos utawi sumerep dhateng lepatipun, ananging teka lajeng kakendelaken kemawon, kadospundi sagedipun kelintu dene piyambakipun pancen saged angsal katerangan saking serat-seratipun nagari, sami ugi kaliyan Castanheda, bab punika teksih saged dipun larah malih sababipun, supados sageda ngekahaken pasaksen sanesipun.

Menggah lepatipun Barros wau anggening nyariosaken yen Pati Unus madeg ratu wonten ing Sunda temtu mboten saking lepating pertalaning anggitanipun Pigafetta ing basa Prasman sabab ing pertalan wau namanipun Pati Unus inggih pisah kaliyan ingkang mungel: Sunda, mbokmanawi kemawon ingkang

dipun angge babon nalika panganggitipun Barros anggitanipun Pigafetta ingkang kelintu, dene anggitanipun ingkang leres, saminipun kados nalika panganggitipun Barros: Decade II inggih ngantos wonten kalih, mbokmenawi ingkang satunggal resikaning satunggalipun. Yen makaten kelintunipun: Raja Pati Unus Sunda, sampun wonten: 350 tahun, punapa malih cariyosipun yen kumukus punika pamedal ing Jawi Kilen inggih damel kelintunipun ingkang maos, katampenan yen kemukus wau pamedal ingkang pokok ing saanteronipun pulo Jawi.

Menggah pupuntoning pamanggihipun Tuan Rouffaer, ingkang kadamel leres dede Barros ananging Castanheda.

Pati Unus punapa Dipati Unus utawi sinten menggah lugu-ning namanipun ing Jawi, anggenipun nelukaken nagari Majapahit kala ing saantawisipun tahun Walandi 1516 kaliyan 1521, saminipun ing tahun Caka 1438 kaliyan 1443, kala samanten risakipun babarpisan karaton Hindu ing Jawi Wetan. Ing antawisipun salah satunggiling tahun wau Pati Unus lajeng madeg ratu wonten ing Demak, sarta ngerehaken nagari Majapahit ingkang lajeng seda ing salebeting tahun Walandi 1521 utawi ing tahun Caka 1443.

Mirid ingkang sampun kaandharaken ing nginggil, tetela yen risakipun karaton Hindu ing Majapahit sirnanipun telenging panata agami Hindu asalin karaton tuwin panata agami Islam, kala ing saantawisipun tahun Walandi 1516 kaliyan 1521, saminipun ing tahun Çaka 1438 kaliyan 1443.

Miturut ingkang kasebut ing serat babad Jawi, sirnanipun karaton ing Majapahit kala ing tahun Çaka 1400, utawi malih ing serat babad nyebutaken manawi ingkang jumeneng Sultan ing Demak wonten tiga, ingkang sapisan: Raden Patah (Fatah) inggih Sultan Demak ingkang kapisan, inggih Panembahan Jimbun (Panembahan Sepuh), laminipun anggening jumeneng nata yen mboten 9 inggih 12 tahun, utawi 25, 27, 28 utawi 42 tahun, yen mboten inggih malah 52 tahun laminipun.

Ingkang kaping kalih ingkang jumeneng ing Demak; Pangeran Sabrang Ler, ajujuluk Sultan Demak kaping kalih, jumenengipun kathah titiyang ingkang sami suyud jumurung sadaya, kuciwanipun namung jumeneng kalih utawi tigang tahun, lajeng seda gerah

cekek.

Ingkang kaping tiga, ingkang jumeneng nata wonten ing Demak: Pangeran Trenggana, ajujuluk Sultan Demak kaping tiga, sakelangkung misuwur asmanipun, laminipun jumeneng yen mboten 7 inggih 46 utawi 49, yen mboten inggih 55, 56 utawi 70 tahun. Mriksanana Veth: Java I 1896 kaca 238–244 langkung malih ing kaca 266–268.

Miturut serat babad ingkang kawedalaken dening Tuan Raffles kala ing tahun 1817 ingkang jilidan II ing kaca 136, utawi ing tahun 1830 ing kaca 148, jumenengipun Sultan ing Demak ingkang kaping I laminipun 9 utawi 12 tahun. Miturut Tuan Roorda van Eysinga ingkang kasebut ing pengetanipun Tuan Meinsma ing tahun 1877 ing kaca 9, anggenipun jumeneng laminipun 25 tahun. Miturut ing hds. Leiden. Cat. Vreede 1892, nos XCIX, le stuk en C, laminipun 27 tahun. Ing Meinsma, Inc. cit. pag. 9 inggih 27 tahun, miturut ing hs. Rad. Ngabehi Kertapradja Cat. Vreede XCIX 2e stuk: 28 tahun.

Miturut babadipun sangkala Tuan Rouffaer ingkang asalipun saking Ngayogya, lamining jumenengipun 42 tahun. Miturut ing Raffles, loc. cit. pag. 230 of pag. 234 laminipun 52 tahun. Dene jumenengipun Sultan ing Demak ingkang kaping III miturut Roorda van Eysinga ing Meinsma kaca 10, laminipun 46 tahun. Miturut ing Raffles ib. pag. 136–138 of pag. 148–151 laminipun 49 tahun. Yen miturut babadipun sangkalan Tuan Rouffaer ingkang asalipun saking Ngayogya, lamining jumenengipun 55 tahun utawi 56 tahun miturut Memorie van den Rijksbestuurder van Solo, ingkang kasebut ing serat De Wajang Poerwa anggitanipun Tuan Serrurier 1896 ing kaca 105–106. Dene miturut Hss. tiga pisan ing Leiden ingkang kasebut ing ngajeng sarta Meinsma ing kaca 10, laminipun 70 tahun.

Raden Patah anakipun Arya Dilah Adipati ing Palembang, ingkang salugunipun putranipun Prabu Brawijaya ing Majapahit ingkang wekasan, miturut ing babad angendhih karatonipun ingkang rama kala ing taun Çaka 1400 saminipun ing tahun Walandi 1478, sarta ingkang lajeng ngasta panguwasa nagari

namung ngagem sesebutan Panembahan [1]) laminipun warni-warni, kados ingkang kasebut ing nginggil.

Sanadyan cariyosipun wau wonten ingkang leres sawatawis, mirid saking warni-warnining cariyos lamining jumenengipun sampun nandhakaken yen wontening tahun-tahun wau namung kapiyagah kemawon, makaten malih bab jumenengipun Pangeran Trenggana, sanadyan katamtokaken yen kalampahanipun sampun let lami kaliyan bedhahipun ing Majapahit, inggih punika sareng nagari Majapahit sampun tata tentrem kandhih sayektos dhateng Demak, tuwin sampun kenging katamtokaken yen Raden Trenggana jumenengipun nata wonten ing Demak mawi sesebutan Sultan.

Ewadene sarehning miturut pratelaning tahun ing nginggil warni-warni, mila inggih prayogi kakendelaken dumugi samanten kemawon rumiyin, malah wonten ugi serat-serat Jawi sawatawis, kadosta: serat babad ing tanah kilen ingkang kaecap kala ing tahun 1710 sarta kapacak ing Biang Lala, wedalan ing tahun ingkang kaping sakawan ing Batawi 1855, kasebut ing kaca 270, amastani yen Pangeran Trenggana inggih punika Sultan ing Demak ingkang kaping tiga, namung angsal sesebutan Kyai Gedhe (Kyai Ageng) kemawon, mboten ngangge sesebutan: Sultan. Ananging ingkang makaten punika tetela namung saking kasengitan. [3])

Ing sapunika kantun angrembag ingkang nama Sabrang Lor, cocogipun kaliyan wontening cariyos ingkang kasebut ing ngajeng.

Pangeran Sabrang Lor miturut ing sadaya serat babad jumenengipun Sultan ing Demak namung sakedhap, lajeng seda jalaran gerah cekek (longonsteking). Miturut ingkang kawedalaken dening Profesor Veth ing anggitanipun Java I ing kaca 268 makaten:

Miturut ing serat-serat sawatawis, Panembahan Jimbun anggenipun ngasta pangreh praja laminipun 9 tahun, wonten ingkang nyariyosaken 12 tahun, salah satunggilipun putra kakung gangsal ingkang gumantos ngasta pangreh nagari. Pangeran Sabrang

---

1) Yen ing serat sanesipun kasebut nama Panembahan Natapraja, ing saderengipun jumeneng Sultan ing Demak.

2) Yen makaten tahun bedhahipun karaton Majapahit inggih saged kelintu ugi. M.D.

3) Nitik kawontenaning suraosipun serat-serat wau, utawi saking miyambaki?

Lor, mboten lami inggih punika kalih utawi tigang tahun angasta kaprabon lajeng seda jalaran gerah cekek Sasedanipun lajeng kagentosan dening ingkang rayi, nama Pangeran Trenggana.

Sawenehing serat wonten ingkang mastani yen Pangeran Trenggana wau kaprenah putra, ing sajumenengipun ratu Pangeran Trenggana sakelangkung misuwur kasaenanipun. Dene bab Pangeran Sabrang Lor, Profesor Veth meksa mboten saged nilar angenuti ing ngandhaping cariyos, makaten:

Menggah asalipun nama Pangeran Sabrang Lor kados pundi, kula mboten saged andungkap.

Ing ngriki Tuan Rouffaer ngupadosi cocogipun nama wau kaliyan kawontenaning cariyos ingkang kasebut ing nginggil, makaten panggelaripun:

Menggah ingkang kasebut ing nginggil, Sultan ing Demak ingkang kaping kalih (Pangeran Sabrang Lor), ingkang kawartos seda jalaran gerah cekek, wontening gerah wau nyalawados, sarehning sanes-sanesipun Sultan mboten mawi kasebutaken jalaraning seda, punika teka mawi. Saking pamanggihipun Tuan Rouffaer, gerah cekek wau kathah emperipun minangka pasemoning sinedanan sarana sinuduk ing dhuwung. [1])

Manawi kapirid saking namanipun sarta bab anggenipun jumeneng teka namung sakedhap sanget, punapa Pangeran Sabrang Elor punika kajengipun: Pangeran ingkang anggadhahi cariyos wonten ing Sabrang Lor, utawi Pangeran ingkang sangkanipun saking Sabrang Elor. Yen mila makaten anuwuhaken panginten ingkang sanget bilih Pangeran Sabrang Elor punika Pati utawi Adipati Unus ingkang ing sabakdanipun kalindhih ing yuda kaliyan titiyang Portegis ing Malaka, sanadyan kawon nanging kawon utami dening mengsah prajurit linangkung, mangka tandha pangenget-enget ing kotamaning salira ngantos andunungaken jong tutumpakanipun nalika mangun yuda, cinungkup wonten ing gisikipun saganten ing nagari Jepara. mBokmanawi inggih punika ingkang dipun wastani Sabrang Elor, utawi Pangeran ingkang dhatengipun saking Sabrang Elor, inggih Pati Unus wau ugi.

1). Pamanggih kula yen tumrap tembung Walandi longonsteking menggah tumrap ing pasemon Jawi kenging dipun leregaken dhateng krissteek. Ananging yen cekek leregipun dhateng seda linawe, kasebut ing wingking.

Saking pamanggih kula anyondhongi panginten ingkang kaping kalih, Pangeran ingkang dhatengipun saking Sabrang Ler, tembung sabrangan (overwal) utawi asring ugi namung cinekak winastanan Sabrang. Saged ugi anggadhahi pikajeng Pangeran ingkang dhatengipun ing Demak saking Sabrang (sabrangan) eler, awit ing Jepara prenahipun saking ing Demak, mangaler manawi dhatengipun nyabrang ing saganten numpak baita.

Ananging luguning tembung "sabrang" ingkang mboten anggadhahi teges: sabrangan, pikajengipun ing tanah sabrang, punapa mboten saged ugi pikajengipun wau: Pangeran ingkang asalipun saking Sabrang Eler, ing tanah sabrang, inggih punika ing Palembang sanadyan prenahipun saking ing tanah Jawi sisih kilen, nanging pangaran-aran sabrang eler wau mboten aneh. mBokmanawi nagari Palembang ing Sumatra dipun wastani dening tiyang Jawi ingkang kathah prenahipun ing saleripun pulo Jawi. Namung kapendhet dene yen numpak baita saking Semarang utawi saking panggenan ingkang celak kaliyan Demak ingkang kala ing jaman samanten minangka pelabuhan, purugipun mangaler, utawi dhatengipun saking eler. Mila ta katelah ing sabrang ler. mBokmanawi lahiripun wonten ing Palembang, dados asal ing Palembang (sabrang eler) rikala Raden Patah teksih wonten ing Palembang.

Milanipun pangaran-aran ingkang makaten mboten aneh, awit dumugi sapriki tiyang ingkang dipun kesahaken dhateng tanah sabrang kawastanan: dipun ngaleraken, mboten mawi mawang prenahipun. Ananging wontening pangaran-aran utawi katelahing nama ingkang kados: sabrang eler, sultan sepuh, sapanunggilanipun, punika ingkang limrah temtu wonten sisihanipun, kadosta: sabrang eler, kaliyan sabrang kilen, Pangeran Adipati sepuh kaliyan Pangeran Adipati enem, dados kathah leregipun dhateng sabrangan lepen.

Serat sajarah Demak gadhahan kula, ingkang suraosipun sanadyan ragi geseh sakedhik kaliyan sajarah angsalipun Tuan Rouffaer, saking Raden Tumenggung Sutanagara, Bupati Pulisi ing Klaten kedah kula gelaraken ing ngriki supados kasumerepana geselipun, mbokmanawi kenging kangge titimbangan. Makaten suraosipun Sajarah ing Demak gadhahan kula:

Prabu Brawijaya wekasan ing Majapahit, juemenengipun nata anggentosi ingkang rama nalika ing tahun Çaka 1374, pikantuk 26 warsa. Bedhahipun nagari Majapahit anunggil tahun kaliyan adegipun masjid ing Demak, kala ing warsa 1400, nunten Sunan Prabu Satmata kaping 2 ing Giri ingkang katelahing nama Sunan Kidul amakili jumeneng nata Majapahit kala ing tahun 1401, angsal 12 tahun lajeng pasrah kaprabon dhateng Panembahan Natapraja, jumeneng Sultan ing Demak ingkang kapisan, ajujuluk Kangjeng Sultan Sah Alam Akbar Senapati Jimbun Sirullah Kalifatul Amirul Mukminin Tajudin Abdulhamid, karan Sultan Ngadil Surya Ngalam (Raden Patah), jumenengipun ing tahun Jimawal angka 1413 Çaka.

Sareng jumeneng Sultan angsal 27 tahun lajeng anggarwa putrining Sunan Ngampeldenta anama Rara Jumanten, kasebut nama Ratu Panggung sarta apuputra 9:

1. Raden Surya, ajujuluk Pangeran Adipati Sepuh, dalem ing Sabrang Eler (pikajengipun ing ngriki mbokmanawi ing sabrangan lepen ingkang eler), jumeneng Sultan ing Demak ingkang kaping kalih ing salebeting tahun Be angka 1440 Çaka, laminipun 3 warsa, lajeng seda sumare ing Demak.
2. Raden Sangka, ajujuluk Pangeran Adipati Anom, dalem ing Sabrang Kilen (ing sabrangan lepen ingkang kilen) sedakala taksih ingkang rama, kasebut nama Pangeran Seda Lepen.
3. Raden Trenggana, ing sasedanipun ingkang rama lajeng jujuluk Pangeran Adipati Anom sarta anggentosi ingkang rama jumeneng Sultan ing Demak, kaping 3.
4. Ingkang kaping 4 putri nama Raden Ayu Kirana, ajujuluk Ratu Mas Purnamasidhi, krama angsal Panembahan ing Banten.
5. Raden Ayu Wulan, ajujuluk Ratu Mas Nyawa, krama angsal Panembahan ing Cirebon.
6. Raden Teja, dados Pangeran ing Pamekasan ing Madura.
7. Raden Wangkawa, ajujuluk Tumenggung Kandhuruwan, jinunjung raka Sultan ing Demak ingkang wekasan anama

Pangeran Kandhuruwan sarta kadadosaken Adipati ing Sumenep.

8. Raden Jaladara, seda kala taksih timur.
9. Raden Alit, jinunjung dening ingkang raka sultan ing Demak ingkang wekasan anama Pangeran Sekar, ajujuluk Pangeran Pamekas, anggarwa putrinipun Sunan Majagung kapisan sarta lajèng nurunaken dhateng Karang Lor.

Wondene para putra angka: 1, 2, 3, 4, 5 tuwin 9 sami patutan saking garwa padmi. Putra angka: 6,7 tuwin 8 sami patutan saking garwa pangrembe (selir).

Raden Trenggana jumenengipun Sultan ing Demak ingkang kaping tiga anggentosi ingkang raka marengi tahun 1442, laminipun 39 warsa, kasebut ugi Sultan Demak wekasan.

Ingkang kasebut ing serat anggitanipun Tuan Rouffaer, miturut ing serat ingkang kawedalaken dening Tuan Raffles Raden Patah inggih Sultan ing Demak I, kala sedanipun atilar putra 6, ingkang pambajeng putri nama Ratu Mas, krama angsal Pangeran ing Cirebon (ing Sajarah kula ing nginggil kasebut Ratu Mas Nyawa, ingkang krama angsal Panembahan ing Cirebon putra ingkang angka 5, saking garwa padmi), putra ingkang nomer kalih nama Pangeran Sabrang Lor, inggih ingkang anggentosi ingkang rama, jumeneng Sultan Demak kaping II, putra ingkang nomer tiga Pangeran Seda Lepen, ingkang nomer sakawan nama Raden Trenggana, nomer gangsal Raden Kandhuruwan, ingkang wuragil Raden Pamekas. Dene putra ingkang gumantos nata mboten lami lajeng seda sarta mboten apuputra.

Ing Serat Sajarah ing Demak gadhahan kula, Sultan ing Demak ingkang kaping II, anggarwa putrining Bathara Katong, apuputra 4, satunggal Ratu Mas Pambayun, krama angsal Sunan Prawata, kepanggih sadherek nak-sanak. Kalih, Ratu Mas Panenggak, krama angsal Tumenggung Mangkurat, ugi angsal sadherek nak-sanak. Tiga, Adipati Pangeran Panaraga sakawan, Pangeran Anom Madepandhan Ngabdulsalam.

Ing serat ingkang kawedalaken Tuan Raffles, lajeng mboten nyariyosaken punapa-punapa malih bab Pangeran Sabrang Lor.

Ing serat pratelan sajarah Demak angsalipun Tuan Rouffaer saking Bupati Pulisi ing Klaten Raden Tumenggung Sutanagara, nyariyosaken makaten:

Putranipun Raden Patah inggih Sultan Demak I kathahipun 9. I. Raden Surya, ing salajengipun nama Pangeran Adipati Sepuh, adadalem ing Sabrang ler, katelahing nama Adipati Sabrang Lor, jumeneng Sultan ing Demak ingkang kaping II, ajujuluk Sultan Seh Ngalam Akbar. (Ing serat sajarah gadhahan kula ingkang jujuluk Sultan Seh Ngalam Akbar, Sultan ing Demak I inggih Raden Patah, teka sampun beda).

Putra ingkang nomer kalih nama Raden Soka, ing salajengipun jujuluk Pangeran Adipati Anom, adadalem ing Sabrang Kilen, katelahing nama: Pangeran Adipati Sabrang Kilen, seda kala teksih sugengipun ingkang rama.

Ingkang nomer tiga, nama Raden Trenggana, ing sasedanipun ingkang raka lajeng gumantos Sultan ing Demak ingkang kaping III, inggih ajujuluk Seh Ngalam Akbar, katelahipun nama Sultan Demak Pamekas.

Ingkang kaping sekawan, Raden Ayu Kirana, ing salajengipun anama Ratu Mas Purnamasidhi, krama angsal Panembahan ing Banten.

Putra ingkang nomer gangsal inggih putri, anama: Raden Ayu Wulan ing salajengipun nama Ratu Mas Nyawa, krama angsal Panembahan ing Cirebon.

Putra nomer 6 nama Raden Teja, lajeng dados Pangeran ing Pamekasan.

Ingkang kaping 7 Raden Wangkawa, jinunjung ingkang raka Raden Trenggana nama Pangeran Kandhuruwan sarta kadadosaken adipati wonten ing Sumenep.

Ingkang kaping 8 Raden Jaladara, seda.

Ingkang kaping sanga nama Raden Alit, lajeng jinunjung ingkang raka Raden Trenggana, anama Pangeran Sekar, ingkang lajeng seda ing lepen, milanipun katelahing nama: Pangeran Seda Lepen. (Ingkang kasebut ing serat kula ing nginggil, putra ingkang seda ing lepen, Raden Sangka, inggih punika putra ingkang angka kalih ingkang pidalem ing Sabrang Kilen, kaleres ingkang rayi tumunten

kaliyan Pangeran Adipati ingkang pidalem ing Sabrang Eler, cocok kaliyan serat ingkang kawedalaken dening Tuan Raffles, namung urutipun putra ingkang geseh).

Tuan Rouffaer nyebutaken makaten: manawi angengeti dhateng ingkang nama Pangeran Sabrang Elor, ingkang namung jumeneng nata laminipun 2 utawi 3 tahun, anuwuhaken panginten bilih ingkang nama Pangeran Sabarang Elor wau Pati utawi Dipati Unus ingkang tilaripun kala ing salebeting tahun Walandi 1521 saminipun ing tahun Jawi 1443, inggih punika ingkang nyirnakaken karaton Majapahit kala ing tahun Walandi 1515 saminipun ing tahun Jawi 1437, teksih nama Pati Unus.

Manawi namung kapendhetaken cocogipun kaliyan ingkang kelimrah kasebut ing babad Jawi, risakipun karaton ing Majapahit kala ing tahun 1400 Çaka, utawi manawi mirid ingkang kasebut ing serat pengetan saking Adipati Sasranagara ingkang kakintunaken dhateng Koloniale-Tentoostelling ing Amsterdam ing salebeting tahun 1883, bab wontenipun ringgit (wayang) tumrapipun ing cariyos Jawi, ingkang sampun kapertal sarta kawedalaken ing kitha Leiden kala ing tahun 1896 dening Tuan Dr. Serrurier tumrap ing karanganipun bab ringgit purwa (De Wajang Poerwa) ing kaca 98 salajengipun nyebutaken makaten:

Ing salebeting jumenengipun Raden Patah angasta panguwasa ing nagari Demak, ajujuluk Kangjeng Sultan Seh Ngalam Akbar kala ing tahun Caka 1439 titiyang Jawi wiwit kathah ingkang sami lumebet ing agami Islam, dados Raden Patah saged ameningi kathahipun tiyang Jawi Islam ing tahun Çaka 1439 utawi ing tahun Walandi 1517.

Miturut Babad Sangkala ingkang ugi nama Babad Momana, yasanipun Kangjeng Pengeran Suryanagara, angsalipun nyambut Tuan Rouffaer saking Kangjeng Pangeran Arya Hadiwijaya kala Tuan Rouffaer kaleres wonten Ngayogya ing tahun Walandi 1889, ing ngriku kasebut makaten:

Ing tahun Alip angka 1443, sedanipun Sultan Bintara, lajeng kagentosan dening putra ingkang katelahing nama Pangeran Sabrang Lor, ingkang ing sasedanipun lajeng kagentosan dening ingkang Rayi nama Raden Mas Trenggana. Dados yen miturut ing

serat wau, sedanipun Raden Patah ing tahun Caka 1443 saminipun ing tahun Walandi 1521.

Dene yen miturut pengetanipun Profesor Meinsma ingkang kawedalaken kala ing tahun 1877 wonten ing kitha den Haag, kasebut ing kaca 31, tumrap ing Serat.Babad Tanah Jawi ingkang kawedalaken dening profesor wau piyambak ing kaca 61 ingkang kateranganipun mendhet saking Babad Sangkala asalipun saking Profesor Millies, nyebutaken yen jumenengipun nata Pangeran Sabrang eler kala ing tahun 1430 dumugi ing tahun 1432 Çaka, saminipun ing tahun Walandi 1508–1510, yen kawewahan malih pratelanipun Tuan Raffles ingkang kasebut ing anggitanipun History of Java 1817, I ing kaca 230, utawi ingkang medal kala ing tahun 1830 ing kaca 254, jumenengipun ngasta panguwasa Pangeran Sabrang eler kala ing tahun Jawi 1455 dumugi ing tahun 1457, saminipun ing tahun Walandi 1533–1535.

Manawi bab jumenengipun Pangeran Sabrang eler ingkang kasebut ing nginggil wau kagarba dados satunggal, dados kados ing ngandhap punika:

Pati utawi Dipati Unus ingkang kala ngajengaken wulan Januari tahun 1513 (Jawi 1435) teksih dados pangageng wonten ing Jepara, ing wulanipun Januari tahun 1513 Walandi, saminipun tahun Jawi 1435 nempuh yuda dhateng nagari ing Malaka wusana tinanggulang dening bangsa Portegis ngantos binunjung, nanging mboten saged kecepeng malah saged wangsul dhateng Jepara, kados ingkang sampun kasebut ing ngajeng. mBokmanawi Pati Unus punika Pangeran Sabrang Eler ingkang kawartos jumeneng nata ing Demak wonten ing saantawisipun tahun Walandi 1516 kaliyan 1521, saminipun ing tahun Jawi 1438–1443, ingkang lajeng ngawonaken Prabu Hudara ratu ing Maospahit anakipun Patih Tahan sarta ambedhah nagari Majapahit ing tahun Çaka 1440 (Walandi 1518), punapa malih lajeng jumeneng nata wonten ing Demak amengkoni tanah Jawi, awit ing tahun Walandi 1318 dumugi 1521, utawi ing tahun Caka 1440 dumugi ing warsa 1443 ingkang lajeng seda jalaran gerah (cekek?) longonsteking (kristeek?), pikajengipun: punapa punika minangka pasemonipun: sinuduk mawi dhuwung.

Pamanggih kula yen mila punika yektosipun minangka pasemon, raosipun mboten sinuduk mawi dhuwung, nanging linawe (jiniret) jangganipun awit angsal dening tembung: cekek (napasipun kortademig) cekiken ingkang lajeng cekik (de hik hebben en daarna den doodssnik geven) ingkang jalaran saking ketekak jangganipun (cekak = cekik = cekek), mboten saking kasuduk. Dene yen miturut namanipun ing tembung Walandi longonsteking inggih saged ugi saking krissteek, punapa malih jujulukipun Pangeran Sabrang eler, Pangeran Adipati Sepuh. Menggah kelintunipun ing pakecapan Portegis kala ing jaman kina dados: Pati Unus (Pati Sepuh?) inggih mboten nama aneh.

* * *

III. SAJARAH BANTEN

Ing ngandhap punika cariyosipun sajarah utawi babad ing nagari Banten, minangka tandha pasaksen manawi ing Banten ugi wonten cariyos ingkang sawatawis gepokan kaliyan cariyos ing Jawi.

Ing ngriki wonten cariyos bilin ing nagari Banten wonten putraning ratu ingkang jumeneng tuturutan, ingkang satunggal saweg yuswa 9 tahun, satunggalipun teksih timur şanget (bayi).

Miturut ingkang kasebut ing notipun Dr. Brandes ingkang tumrap ing serat anggitanipun bab nagari Ngayogyakarta ing kaca 426 babad utawi ingkang limrahipun dipun wastani sajarah Banten, punika ingkang tamtu pandamelipun kala ing jamanipun Sultan Agung (dede Sultan Agung ing Mataram) jumeneng nata ing Banten, ing tahun Walandi 1651 dumugi 1683, ing saderenging madegipun Sultan Haji (1671–1687) tahun Walandi). Dene sajarah Banten ingkang kawrat ing Serat Pararaton anggitanipun Dr. Brandes, makaten cariyosipun:

Ing sasedanipun Maulana Yusuf, kagentosan dening Maulana Mohammad, ing sajumenengipun Maulana Yusuf tansah nglestantunaken punapa ingkang katindakaken dening ingkang rama, ambudi sanget dhateng majengipun agami Islam, anedhak bukubuku bab agami lajeng kasinungaken kangge wakap. Maulana Muhammad lajeng puruhita dhateng Pangeran Kasunyatan, awit saking kasengsemipun dhateng puruhita ngantos atilar kaprabon, pandamel ingkang makaten punika ngantos dados pocapan wonten ing Surasowan. Kala punika nagari Banten sanget gemah raharja.

Ing pupuh ingkang kaping 23 kacariyos Sandisastra apitaken dhateng Sandirasmi: punapa yektos kala ing kinanipun Maulana Mohammad nglurug dhateng Palembang piyambak, Sandirasmi sagah badhe aningali ing primbon rumiyin, sabab mboten kengetan cariyosipun, sarta saged maosaken cariyosipun dhateng Sandisastra, dene Sandirasmi punika limrahipun anama Sandimaya. Sandirasmi miwiti maos pupuh ingkang kaping 24, makaten cariyosipun:

Ing nalika badhe sedanipun sang Nata Yusup ing nagari Ban-

ten (ingkang kacariyosaken namung Maulana Gusti), panguwasa ageng nagari kaasta dening mangkubumi (papatih). Sadherekipun sang Nata Yusup ingkang dudunung ing Japara anama Pangeran Japara, mireng saking cariyosipun para sudagar, yen sadherekipun, sang nata ing Banten gerah sanget. Pangeran Japara sareng mireng cariyos ingkang makaten tumunten mangkat dhateng Banten mawi ambekta wadya samekta ing dadamel. Sadumuginipun ing Banten Pangeran Japara kapondhokaken wonten ing Pagebangan. mBoten dangu sang Nata Yusup lajeng seda, dene ingkang gumantos nata wonten ing Banten Pangeran Ratu (Pangeran Adipati Anom) Muhammad ingkang teksih timur sanget, pramila perlu mawi wonten ingkang ngembani minangka wawakilipun sang Pangeran Ratu. Kala samanten ingkang ngembani kali (khamid) ing Surasaji (Surasowan), kalih Senapati Pondhang, tiga Dipati Jayanagari, sakawan Wadyaji, gangsal Wijamanggala, sadayanipun sami rujuk ing rembag mboten wonten ingkang benceng, dening sami anggega dhateng warahipun Patih Mangkupraja, mangkubumi (papatih) ing nagari Banten.

Ing satunggiling dinten kacariyos yen saking kajengipun kyana patih, ingkang badhe kaangkat dados ratu Pangeran Japara Sareng pawartos wau kapireng dening kali (khamid) ingkang ngembani sang Pangeran Ratu, Kali lajeng ngupados katerangan bab yektosipun cariyos wau. Suraosipun, Kali suka sumerep yen mireng pawartos bab anggenipun Mangkubumi gadhah kajeng badhe anjumenengaken ratu Pangeran Japara, yen pawartos wau kapara yektos Kali inggih sampun mangayubagya, mboten badhe mamalangi.

Kacariyos pikajengipun mangkubumi sampun condhong kaliyan andel-andel sanesipun. Ing sanesipun dinten Mangkubumi angintunaken liman dhateng Pangeran Japara, perlu lajeng badha kakirabaken. Sareng Demang Laksamana, (mbokmanawi pikajengipun punika: senapati) kaliyan Mangkubumi (papatih) lampahipun dumugi ing sangajenging darparagi (alun-alun) ingkang dunungipun wonten ing sabrangan lepen, Pangeran Japara awit saking pamrayoginipun Mangkubumi kinen ngentosi wonten ing ngriku rumiyin, Mangkubumi ingkang badhe ngrumiyini lampah nyariyosi

dhateng Kali, ananging sapinten kemawon kageting manahipun Mangkubumi, sareng kapanggih kaliyan Kali wonten ing darparagi, mawi mangku Pangeran Ratu Muhammad ingkang taksih timur ingadhep para wakil sakawan sanesipun.

Mangkubumi sareng sampun sumerep dhateng pikajengipun Kali sarta mangertos yen pikajengipun piyambak badhe tanpa damel, malah mboten badhe sekeca yen linajengna, lajeng wangsul malih dhateng Pangeran Japara yen putra kapenakanipun, Pangeran Ratu Mohammad sampun ngrumiyini kajumenengaken ratu ing saderenging rawuhipun Pangeran Japara. Malah mawi ngengetaken sampun ngantos Pangeran lajeng ngaken tindakipun lumebet ing darparagi. Yen ngantos purun-purun nerak dhawuh wau sampun ngantos taken dosa, tamtu badhe tinelasan. Pangeran Japara lajeng ingaturan kondur kemawon dhateng Japara.

Baita tiga sampun kasumektakaken mangka sedhiyanipun kagem kondur lalayaran. Ananging para wadya meksa sami bandawalapati. Temahanipun Demang Laksamana pejah kasambut ing yuda. Pangeran Japara enggal-enggal noncati nitih baita lalayaran wangsul dhateng nagarinipun.

Kawartos sareng sampun tentrem mboten wonten kawis-kawis, Pangeran Ratu Mohammad lajeng kajumenengaken ratu Surasowan, tanpa wonten ingkang mamalangi, dene ingkang pinasrahan panguwasa ageng nagari sarta ingkang pinatah angembani sang ratu, inggih Mangkubumi.

Ingkang kacariyos, nuju ing satunggiling dinten wonten baitanipun titiyang Pranggi (Frank) dhateng ing palabuhan nagari Banten, ingkang lajeng kalawanan perang sabil. Titiyang Banten angsal jarahan mariyem kakalih, ingkang satunggal kanamakaken Kalantara, satunggalipun Urangayu. Ing salajengipun pupuh ingkang kaping 25 nyariyosaken:

Kala punika santananipun Sultan ing Demak nama Pangeran Mas ingkang sakelangkung alim sarta remen lalana anjajah nagari-nagari, dhateng ing Surasowan (miturut: de Jonge, Opkomst. enz. II, 196; zie noot Dr. Brandes: Pararaton pag. 114) Pangeran Mas punika pangeran Demak ingkang pinanggih kaliyan bangsa Walandi kala dhatengipun ing Banten sapisan. Sultan ing Banten lajeng

puruhita dhateng Pangeran Mas.

Nuju ing satunggiling dinten Pangeran ing Banten andangu dhateng gurunipun Pangeran Mas kaliyan anudingi baita ingkang sampun rinisak, ing pundi sagedipun ngedegaken perang sabil kados ingkang sampun punika, awit panjenengipun Sultan dahat kapingin. Pangeran Mas angaturi priksa: ing Palembang, ingkang kala samanten titiyangipun teksih sami dereng lumebet ing agami Islam. Kala Pangeran Mas lalana anjajah nagari-nagari, wonten ing Palembang mawi nilar adhan satunggal (?), anama Soraadhan wau kasumanggakaken sang nata, piyambakipun ingkang badhe mitulungi sang nata manawi badhe anggembag perang sabil ing Palembang.

Sultan Mohammad paring dhawuh nyamektakaken baita sabragada ingkang badhe kagem mengsah ing perang sabil dhumateng Palembang, sanadyan Mangkubumi pancen mboten angrujuki ingkang dados karsanipun, ewadene meksa ndherek tindakipun sang nata, Pangeran Mas inggih mboten kantun dene panguwasa ageng nagari kapasrahaken dhateng Kali. Ing satindakipun sang nata salah satunggilipun garwa, ingkang nama Putri Adimulya putri saking Bumigehi saweg kaleres mbobot gangsal wulan [1]), sasampunipun sang nata anglempakaken para punggawa ing nagari Lampung, ing Tulangbawang, ing Seputih saha ing Semangka, lajeng badhe anempuh nagari Palembang medal ing dharatan. Para wadya ing Banten anggenipun badhe lumebet ing nagari Palembang sami numpak baita, nungsung ing lepen. Betengipun tiyang Palembang rangkep sakawan, ingkang kadamel kajeng tambesu, titiyang Banten inggih nunten ngedegaken beteng.

Sareng sampun samekta nunten perang rame, saweg rameramenipun nungkak ing wanci Magrib, Sultan Mohammad dhawuh ngungelaken tengara kendelipun perang rumiyin, awit sampun mangsanipun sembahyang. Para wadya kinen sami shalat Magrib rumiyin, sang nata sapendherekipun lajeng sami wangsul dhateng

---

[1]). Ing ngriki wonten ingkang mboten kasebutaken, inggih punika garwa pangrembe (selir), ugi katilar ugi saweg kaleres bobot ingkang ing tembenipun angedali: Wangsadipa sarta ingkang lajeng katarimakaken dening Sri Sultan dhateng Kentot Dalit.

baita sarta minggah ing papanggungan (=panggungan?), mboten wonten ingkang purun dados imam. Milanipun sang nata ingkang karsa ngimami piyambak. Sarampungipun anggening sami sembahyang lajeng sami dhikir.

Titiyang Palembang teksih nglajengaken panyenjatanipun, saya sanget malih dhateng baita titihanipun sang nata, anama Indrajaya sarta katujokaken panyenjatanipun dhateng papanggungan. Wonten mimis ingkang ngengingi palangkas waos, ambalik ngengingi sang nata satemah labet tuwin ngengingi sanesipun tiyang malih. Mangkubumi awas tumingal, sang nata enggal dipun palajari sarta lajeng ginitong lumebet senthonging baita, dene Mangkubumi namung linggih wonten satengahing kori, angalingalingi sami ngantos wonten mimis ngengingi sang nata malih. Para wadya mboten sami sumingkir saking papan pakendelanipun, ananging sasampunipun kalampahan tigang dinten kaliyan labetipun sang nata, Mangkubumi andhawuhaken terang karsanipun sang nata, bodhol wangsul kondur dhateng Banten, kajawi Pangeran Mas ingkang taksih kantun kaliyan para wadya bala.

Sadumuginipun ing Banten Mangkubumi lajeng suka sumerep dhateng dharatan punapa kawontenanipun sang nata ingkang ing kala punika sampun seda. Mangkubumi mboten kesah-kesah saking baita, teksih tansah nengganggi layonipun sang nata.

Ing nalika punika Kali (Khamid) inggih suka sumerep dhateng Mangkubumi menawi garwanipun sang nata ingkang katilar saweg bobot: putri saking Bumigehi, ambabar kagungan putra miyos kakung. Mangkubumi mangsuli: putra ingkang mentas kababaraken kinen mbekta dhateng surambining masjid ageng. Sampuna binusanan kaprabon sarta langkep saupacaraning raja putra ingkang badhe kajumenengaken nata, ingkang supados manawi layonipun ingkang rama sampun kabekta dhateng surambining masjid ageng, putra lajeng kajumenengaken nata pindhah, saemper kados ingkang rama piyambak ingkang anjumenengaken.

Dene ingkang pinitados minangka wawakilipun sang nata Timur, anama Jayanagara. Kala sedanipun sang nata (kang mantuk ing rahmating sih = ingkang seda tilar donya kondur dhumateng rahmatullah), amarengi ing tahun 1501 (?) (prabu lepas tataning

prang), mangka leresipun kala samanten tahun Walandi nuju angka 1581, dados ing tahun Jawi nuju angka 1503.

Amangsuli cariyos ing nginggil, nalika sedanipun Sultan Muhammad saweg yuswa 25 tahun, jumenengipun nata sampun angsal 16 tahun, ing sasedanipun katelah nama Pangeran Seda ing Palembang. Namung punika cariyosipun Sultan Muhammad. Ing ngandhap kasebut cariyos ingkang kawrat ing pupuh ingkang kaping 26 dumugi 28, anyariyosaken menggah ingkang dipun wastani pailir.

Pangeran Abdulkadir, inggih punika sang Ratu Timur, pamomongipun anama Emban Rangkung, patih Mangkubumi ingkang mangka wakilipun pangreh nagari, dene gurunipun ngaos punika semahipun Kali. Ing saajalipun Mangkubumi sang Pangeran sampun ageng, pangreh nagari lajeng kapasrahaken dhateng Nyai Ageng Wanagiri, gumantos dados wawakilipun sang Pangeran. Awit kala samanten lalampahanipun nagari wonten gingsiripun Nyai Ageng Wanagiri kaprayogekaken emah-emah angsal Mangkubumi enggal, inggih sampun linampahan. Mangkubumi lajeng tumut rumeksa sarta anggugulang sang Pangeran dhateng ing lampahan kautamen. Sang Pangeran mboten nate katilar, malah sadaya lampah kaluhuran tataning kaprabon kagesangaken malih tumrap sang Pangeran, makaten ugi sasapton (watang?) saben-saben sasapton (watangan?), sang Pangeran katitihaken kuda boboncengan kaliyan Mangkubumi. Ingkang makaten punika lami-lami mboten ndadosaken renaning manahipun para nararya, amargi kerep kemawon katawis yen pahargyaning nata sayektosipun namung katumrapaken dhateng awakipun piyambak mawi alingaling sang Pangeran. Para nararya sami sarembag amejahi Mangkubumi, ingkang mangka pangagengipun Pangeran Manggala sarta Pangeran Mandura, Kali namung kaangkah sumingkiripun kemawon, awit para nararya sami welas dhateng Pangeran Abdulkadir menawi tumut dipun pejahana. Adipati Yudanagara ingkang sagah matrapaken panyidranipun, anggeripun kajagia sampun ngantos Pangeran Abdulkadir saged mitulungi dhateng Mangkubumi jalaran awis sanget pisahipun.

Adipati Yudanagara ambesmi kadhaton, Mangkubumi sareng

mireng kabesmining kadhaton enggal-enggal medal lumajar piyambak, dumugi ing njawi nunten pinejahan, ananging mboten saged ngapisani, Mangkubumi meksa teksih saged oncat saking sagotraning ngriku milenggahaken prakawis wau dhateng Kali. Wangsulanipun Kali mboten saged ngrembag prakawis wau, jalaran piyambakipun tiyang pakir (pekir), para nararya angangkah supados sampun ngantos andadosaken dukanipun Pangeran Abdulkadir, pramila peneteripun tansah ingecanan kemawon sarana dipun sagahi angukum dhateng tiyangipun ingkang nindakaken piawon.

Pangeran Kulon, Pangeran Singaraja, Pangeran Bagus Kidul, Ratu Bagus Prabangsa, mboten saranta, Adipati Yudanagara ngaub dhateng para pangeran wau. Rangga Loleta, Ondamohi Kalang, Iramanggala, Singajaya, Kyai Sabandar, Tumenggung Hanggabaya, sarta Panji Jayengtilam, sami agolong dhateng para nararya, sarta lajeng sami milir dhateng pasiten ilir: ing Kapalembangan, sadaya tiyang ing ilir sampun sami sabiyantu kaliyan para ingkang dhateng wau, anjumenengaken Ratu Pangeran Kilen, dene papatihipun: Pangeran Arya.

Pangeran Ranamanggala amapagaken para kraman.

Pupuh ingkang kaping 27 nyariyosaken:

Wijayamanggala sanadyan padununganipun wonten ing ilir, ewadene mboten purun anggolong dhateng kraman, malah lajeng angesahi dhateng Saruni, sadumuginipun ing pulo Dhadhapan katututan dening Adipati Yudanagara, cinepeng sarta pinejahan, dene raja darbekipun lajeng kajarah-rayah dening titiyang ing Betawi (samanten dereng wonten nagari Batawi, panganggening nama sulaya kalayan jamanipun), para kraman nunten sami pradandosan mangsah yuda dhateng Banten.

Pupuh ingkang kaping 28 anyariyosaken ing salebeting bandayuda, Pangeran Ranamanggala kaliyan sang Ratu Timur mariksani campuhing wadya saking nginggiling beteng, para mengsah ingkang andhatengi tinanggulang dening wadya nata sami bibar wangsul salang tunjang. Pangeran Jakarta lajeng dhateng ing Surasaji, amirukunaken, para nararya ingkang mboten purun manut ingajak dhateng Sulakerta (= Jakarta), Pangeran Kilen, Pangeran Singaraja,

sarta Tubagus Prabangsa sami tumut Pangeran Jakarta dhateng Batawi sarta sami dudunung wonten ing ngriku laminipun kawan tahun lajeng wangsul dhateng Banten malih. Menggah madeging kraman ingkang karan ing nama Pailir wau, ing babad sinengkalan: tanpa guna tataning perang (1530), saminipun ing tahun Walandi 1608, mangka adegipun nagari Batawi ing salebeting tahun 1619, dening Gubernur Jendral Jan Pieterszoon Koen. Mila ing salebeting Pailir nagari Batawi pancen dereng wonten, pandameling Babad Banten kala ing tahun Walandi 1662/1663. Ingkang damel mbok-manawi kirang ngrembag dhateng wontening nagari Batawi.

Kacariyos wangsulipun para nararya saking Batawi, ing nagari Banten sampun tataharja, mboten wonten kawis-kawis.

Pupuh ingkang kaping 29 nyariyosaken:

Sareng sampun antawis lami letipun, nagari Banten badhe ngangkataken wadyabala malih anggecak nagari Palembang, ananging mboten siyos tumindak jalaran panjenenganipun sang nata teksih timur sanget.

Titiyang Sumenep ingkang sami kapalajar dhateng Banten nalika nagari Sumenep kajarah dening nagari Mataram, mboten dipun tampeni manggen ing Banten dening Pangeran Ranamanggala, pangangkahipun sampun ngantos dados dhadhakaning pasulayan kalayan nagari Mataram, pramila lajeng sami wangsul temahan kacepeng dening wadya Mataram, lajeng kabesem gesang-gesangan wonten ing Mataram, namung Pangeran Pajajaran sarta Pangeran Pringgalaya sawadyanipun ingkang kalilan manggen wonten ing nagari Banten, awit taksih gepokan santana kaliyan sang nata ing Banten.

Dene Pangeran Pringgalaya wonten ing Banten mondhok wonten ing griyanipun Dipati Pondang.

Namung dumugi samanten ingkang perlu kacariyosaken ing ngriki.

* * *

IV. CARIYOSIPUN PARA RATU ING NAGARI PASE

Babadipun titiyang Malayu inggih wonten ingkang nyariyosaken kala nagari Majapahit andon perang ngelar jajahan, sarta kala bedhahipun nagari Pase (Pasay) dening Majapahit, kadosta: Hikayat Raja-raja Malayu, Salalat al Salatin, babadipun nagari Pase tuwin sajarah Malayu. Wondene ingkang perlu kacariyosaken ing ngriki Hikayat Raja-raja Pase, makaten cariyosipun:

Sang Ratu Marah Silu ingkang yasa nagari Samodra, ing sabakdaning kagungan putra kakung ingkang nama Malik Al Tahir lajeng yasa nagari Pase. Putra wau kajumenengaken ratu wonten ing nagari ngriku, dene sasedanipun ingkang rama sang Pangeran Malik Al Tahir inggih anggentosi ingkang rama jumeneng ratu wonten ing nagari Samodra.

Sang nata Malik Al Tahir kagungan putra kakalih, anama Malik Al Mahmud kaliyan Malik Al Mansyur, ingkang lajeng kalengser saking kaprabon dening ingkang raka; Malik Al Mahmud sarta kabucal dhateng ing sanes nagari. Malik Al Mahmud lajeng asrah pangrehing nagari dhateng putra ingkang nama Ahmad.

Kacariyos Pangeran Ahmad apuputra kalih, satunggal anama Sibrahim Bapa, satunggalipun Abdal Jalil.

Gentos ingkang kacariyosaken putrinipun sang prabu ing Majapahit ing sakawit tinantun krama mboten karsa anglampahi, dangu-dangu sareng tineter inggih nyagahi, ananging sang putri kagungan panuwun sageda angsal jatukrama raja putra ingkang warninipun dados panujuning galih. Pramila lajeng kadhawuhaken nglempakaken gambaripun para raja putra.

Wondene ingkang dados kaparenging galih sang retna, raja putra Abdal Jalil. Sareng sang putri priksa gambaranipun Pangeran Abdal Jalil, sakalangkung kenyut ing galih kasengsem ningali warninipun sang pekik. Wusana lajeng mothah dhateng ingkang rama sumedya tindak anginggah-inggahi dhateng ingkang cinitra ing gambar. Saking adrenging galih karsanipun sang putri mboten kenging winaonan.

Kacariyos Pangeran kakalih Sibrahim kaliyan Abdal Jalil sami pinejahan dening ingkang rama piyambak, sang Pangeran

ingkang enem jalaranipun awit nata kemeron ing galih, mireng yen ingkang putra dipun kedani raja putri ing Majapahit.

Gentos ingkang kacariyos, sang putri sampun mangkat saking nagari Majapahit nitih baita, sareng sampun badhe dumugi ing nagari ingkang badhe dipun dhatengi sang putri mireng pawartos yen Pangeran Abdal Jalil sampun seda winisesa dhateng ingkang rama piyambak, ing sanalika sang putri telas budinipun, temahan dipun labeti milalu nganyut tuwuh saliranipun kablebegaken ing saganten sabaita titihanipun, punapa dene titiyangipun sami ambelani pejah tumut nyilem ing saganten. Dene bragada baita-baita ingkang ndherekaken tindakipun sang putri lajeng sami wangsul dhateng pulo Jawi malih, ing salajengipun sang Prabu ing Majapahit nyamektakaken saha lajeng nglurugaken wadya bala dhateng nagari Pase, ingkang lajeng ginebag ing perang rame ing temahanipun nagari Pase meksa kawon sarta lajeng kabawah ing nagari Majapahit.

Ing salajengipun serat babad wau nyariyosaken kala wangsulipun bragada baita Majapahit sawadyanipun mawi mampir ing Jambi sarta ing Palembang, ingkang lajeng nungkul tanpa lawan, ing salajengipun sang Prabu ing Majapahit ngangkataken wadya anggebag bawahipun raja ing Ujungtanah, inggih punika ing Ujungtanah Malaka, Tanjung Rumani, ingkang ugi sami nungkul, kadosta: Nagari Timbalan, Siyantan, Jemaya, Bunguran, Sirasan, Subi, Pulo Laut, Tiyoman, Pulo Tinggi, Pamanggilan, Karimata, Belitung, Bangka, Riyo, Bintan, sarta Bulang.

Awit saking ungguling yuda wau adamel gambirabing manahipun para wadya Majapahit. Sarampungipun anggening nelukkelukaken nagari-nagari wau, para wadya nunten sami nglurugi tanah dharat Borneo, ingkang lajeng nelukaken nagari Sambas, Mempawa sarta Sukadana, punapa malih lajeng mremen andhatengi nagari Kutawaringin, Banjarmasin, Pasir, Kutai tuwin Berao, ingkang ugi sami teluk sadaya.

Antawis kalih tahun letipun bregada baita-baita wau sawadya balanipun kaangkataken dhateng kapulowan ingkang sisih wetan sarta nelukaken nagari Bandan, Seram, tuwin Larantuka, ing sawangsulipun lajeng nelukaken nagari Bima, Sumbawa, Selapa-

rang, Bali tuwin Balambangan. Ing saantukipun saking neluk-nelukaken para wadya ing Majapahit ambekta barang jarahan sakelangkung kathah.

Ing satelukipun pulo-pulo wau, nagari Majapahit lajeng badhe nglurugaken wadya anelukaken Pulo Perca. Menggah ing ngriki ingkang dipun wastani pulo Perca dede pulo Sumatra sadaya, ananging namung peranganipun. Sang Prabu ing Majapahit mangertos manawi pulo wau mboten gampil anggening nelukaken sarana ginebag ing perang, kajawi sarana paekan.

Sang nata ing Majapahit anggening badhe nglurugaken wadya bala dhateng pulo Perca mawi binektanan maesa, sengadi badhe kalurugaken ingaben.

Para wadya sampun sami mangkat, sadumuginipun ing Jambi lampahipun terus dhateng nagari-nagari ingkang tengah, inggih punika ing Hulu Jambi ngantos dumugi ing Priyangan. Sareng sampun dumugi ing ngriku, Patih Siwatang (papatih ing nagari ngriku, ing serat sanesipun kasebuting nama: Datu Perpatih Sibatang, zie noot 3) ngaken nututi lampahipun wadya Majapahit wau, nunten sami aben-aben maesa, maesa ing Majapahit kamengsahan mesanipun Patih Siwatang, ingkang teksih ragi gudel sarta ingkang kajarag dipun luweni sanget supados sampun ngantos purun berik.

Kayektosanipun sareng maesa kakalih wau sampun ajeng-ajengan badhe dipun aben, maesanipun Patih Siwatang mboten purun lawan, awit sampun mboten anggadhahi kikiyatan, jalaran sangeting luwee. Maesa lurugan saking Majapahit sareng sumerep wonten maesa lundha-lundhu makaten anginten yen mengsahipun wau maesa estri, milanipun inggih mboten purun mengsah, malah lajeng dipun celaki kemawon. Awit saking punika maesa saking Majapahit kaanggep kawon (punapa janjinipun epur menang?), sabibaripun aben-aben maesa, Patih Siwatang sarta Patih Katumenggungan sami andhatengaken titiyang ing laladanipun nagari ngriku, sengadinipun sami dipun suruhi damel karameyan bingah-bingah, dene maesanipun Patih Simawang saged menang ngawonaken maesa ing Majapahit.

Ananging sasampunipun kathah titiyang ingkang nglempak

wadya ing Majapahit lajeng tinukup wusana saged dhadhal sami lumajar mantuk dhateng nagarinipun. Wiwit kala samanten nagari Priyangan dipun wastani Menang Kerbau, kapiridaken saking maesa ingkang menang wau.

Cariyos ing nginggil punika ugi kasebut ing Netschers: Verzameling van overleveringen van het rijk van Menangkerbau pertalan saking luguning babon ingkang tembung Malayu, ing Indisch Archief III. bldz. 53, namung suraosipun ingkang ragi wonten gesehipun, wontening cariyos mboten kagepokan kaliyan nagari Majapahit.

Menawi cariyos ingkang kasebut ing nginggil katepangaken kaliyan cariyos kalih pisan ingkang kasebut ing Pararaton II, salong kosok wangsul, awit dene cariyos ing nginggil nerangaken manawi lugunipun anggening neluk-nelukaken nagari Majapahit sabakdanipun tahun 1267 Caka malah sampun elet pinten-pinten tahun katitik saking kalampahipun nagari Majapahit angangsahaken wadya, sareng wayahipun sang Nata Pahir sampun jumeneng ratu wonten ing Pase.

Menggah nagari-nagari ingkang katelukaken dhateng Majapahit ingkang kasebut ing cariyos punika salong sami kaliyan ingkang kawrat ing Serat Pararaton, salong wonten ingkang nyulayani, kadosta: ing Pararaton nyebutaken manawi Sumatra sisih kilen kalebet tanah Menangkerbo sampun katelukaken dhateng nagari Majapahit kala ing saderengipun ingkang kacariyos ing serat punika.

Dene ingkang nama nagari Tanjungpura kaliyan Tumasik, punika ingkang dereng terang. Makaten malih ingkang dipun wastani Malayu, ingkang kasebut Pamalayu ing Serat Pararaton inggih mboten kenging kaanggep dumunung ing Sumatra sisih wetan. Malah kosok wangsul, manawi mirid ingkang kasebut ing Sejarah Malayu, titiyang Malayu ingkang kala samanten srawung kaliyan titiyang Jawi, padununganipun wonten ing Sumatra ingkang sisih kilen, utawi ing sacelakipun ngriku.

Punapa malih Pulo Jawi, ing Sajarah Malayu, awitanipun sampun amastani yen namanipun Majapahit kados ingkang sampun kasebut ing Pararaton ing bab panglarahing dunungipun nagari

Tanjungpura.

Wontenipun nagari Majapahit, kinten-kinten sampun wiwit kala abad ingkang kaping sawelas ing tahun Çaka, mangka nitik kaliyan ingkang kasebut ing Sejarah Malayu bab VI, ingkang kawedharaken ing nginggil, nalika nagari Majapahit nglurugaken wadya memengsahan kaliyan titiyang Malayu ing kapulowan Rio tuwin Lingga, pancen dereng wonten nagari Majapahit.

Ing Sejarah Malayu bab IV tuwin X, kacariyos bab panglurugipun wadya Majapahit dhateng Singapura ngantos kaping kalih.

Sarampungipun bab II nyariyosaken lampahipun sang Sapurba, yen sang Sapurba sasampunipun kapanggih kaliyan sang Prabu ing Majapahit wonten ing Tanjungpura, lajeng dhateng ing Lingga sarta ing pripitan Sambor. Wonten ing pripitan Sambor dipun ampiraken sang Prabu Kenya dhateng nagarinipun ing Bintan.

Wonten ing nagari Bintan, putranipun sang Sapurba nama Nilautama, dinadak kakramakaken angsal putrinipun sang Nata Dewi ing Bintan anama Wan Sribini. Ing sakonduripun sang Sapurba ingkang putra tinilar wonten nagari ngriku. Dene sang Sapurba lajeng andumugekaken tindakipun dhateng paredenipun lepen Kwantan, anglangkungi Ruku sarta Tanjungbalang, ing salajengipun jumeneng nata wonten ing Menangkerbo (Menangkabo), nurunaken para ratu ing Pagaruyung.

Panganggitipun serat Sajarah Malayu, miturut ingkang kasebut ing bubukanipun ing salebetipun tahun Hijrah 1921 saminipun ing tahun Walandi 1612. Sang nata Kenya Wan Sribini wau ingkang ibu nama: Wan Sundari, dene Wan Sundari ingkang rama anama Demang Lebar Dalem. Sapurba punika pamendhetipun saking namaning widadari Supraba, dene Nilautama saking Tilotama (Jawi: Wilutama).

Ing bab III kasebut bab adegipun nagari Singapura, ing ngriku rumiyin dunungipun nagari Tumasik (?), ingkang yasa nagari Singapura punika sang Nilautama, ingkang lajeng ajujuluk Sri Tribuwana.

Ing bab IV kasebut sedanipun Sri Tribuwana, ingkang lajeng kagentosan dening putranipun anama Raja Kecilbesar, lajeng jujuluk Sri Kramawira, lami-lami Singapura dados nagari ageng

misuwur ing pundi-pundi.

Bab V, anyariyosaken sareng sang Prabu ing Majapahit mireng bab adegipun nagari Singapura sarta jumenengipun para nata wau, sakelangkung anjleging galihipun dene mboten nate wonten tandhaning sumungkunipun dhateng sang nata ing Majapahit, mangka teksih gepokan kadang.

Awit saking punika sang nata ing Majapahit angengetaken dhateng sang nata ing Singapura, wangsulanipun amurugaken sang Prabu ing Majapahit lajeng anglurugaken wadya bala anggecak nagari Singapura. Ananging para wadya bala ing Majapahit kapeksa wangsul jalaran tinanggulang dening mengsah ingkang lakung kuwawi.

Ing pungkasanipun bab V, kacariyos sasampunipun sang nata Sri Kramawira kagentosan dening Sri Ramawikrama, ingkang lajeng kacariyos ing pungkasanipun bab VI kagentosan dening putranipun ajujuluk Sri Maharaja (Dasyaraja). Kasebut ing pungkasanipun bab X ing kala punika sang nata ing Majapahit angangkataken wadya bala malih dhateng Singapura miturut pamintanipun Bandaari (bendara?) ingkang awit putranipun Sri Maharaja ingkang gumantos ing kapraboning rama, ajujuluk Raja Sekandarsyah, adamel camah. Saking sangeting wirangipun Bandaari, kalampahan nagari Singapura saged bedhah dening wadya Majapahit saha lajeng kaejegan. Sang Nata Sekandarsyah oncat saking nagarinipun lajeng yasa nagari Malaka.

Menawi wontenipun lalampahan punika kacocogaken kaliyan pengetan cekak yasanipun Dokter de Hollander, bab babadipun titiyang Malayu, pangangsahipun wadya Majapahit dhateng Singapura ingkang rumiyin piyambak wonten ing saantawisipun tahun Walandi 1208–1223, panglurugipun ingkang kaping kalih ngajengaken tahun Walandi 1252, saminipun ing etangan tahun Caka pinuju ing antawisipun warsa 1130–1145, ingkang kaping kalih ngajengaken tahun 1174.

Miturut pengetanipun Dokter de Hollander, jumenengipun para nata ing Singapura (Tumasik?) kados ing ngandhap punika, etangan tahun Walandi.

1. Sri Tribuwana ? – 1208.

2. Sri Wikramawira 1208 – 1223.
3. Sri Ramawikrama 1223 – 1236.
4. Sri Maharaja 1236 – 1249
5. Sri Sekandarsyah 1249 – 1274, bedhahipun nagari Singapura dening wadya Majapahit sarta oncatipun Sri Sekandarsyah sareng sampun jumeneng angsal 3 tahun. Dados wiwit yasanipun nagari Malaka wonten ing salebeting tahun Walandi 1252, dumugining tahun 1274 sampun jumeneng wonten ing Malaka. Tahun Walandi 1252, saminipun ing tahun Çaka 1174.

Serat Sajarah Malayu wedalan Singapura nyariyosaken yen jumenengipun Sri Sekandarsyah wonten ing Singapura laminipun 32 tahun, dados oncatipun wonten ing salebeting tahun Walandi 1281, saminipun ing tahun Çaka 1203.

Awit saking punika menapa mboten kenging kakinten-kinten yen panglurugipun wadya ing Majapahit dhateng Singapura ingkang kaping kalih, ingkang ing Serat Pararaton dipun wastani: Pamalayu, wonten ing salebetipun tahun Çaka 1197 dumugi ing tahun 1215.

Kathah ugi emperipun manawi pengetaning tahun jumenengipun para nata ing Singapura ingkang kawedalaken dening Dr. de Hollander wau pinetang malih, awit dene wontening tahun kala bedhahipun nagari Singapura inggih sampun sulaya kaliyan ingkang kawrat ing Sajarah Malayu wedalan ing Singapura. Manawi kapara yektos jumenengipun Sekandarsyah wonten ing salebetipun tahun Walandi 1249 (Çaka 1171) sarta adegipun nagari Malaka wonten ing tahun Walandi 1281 (Çaka 1203) mangka wontening lalampahan ing Jawi Wetan miturut ingkang kasebut ing Pararaton inggih nuju ing tahun wau utawi ing sabakdanipun tahun wau. Dados punika anerangaken manawi ing sawatawis tahun sabakdanipun Pamalayu ing tanah Jawi mboten lalanggatan rembag kaliyan nagari-nagari ing sanjawining pulo Jawi, rinegonan dening reresah ingkang tuwuh ing salebeting nagari.

Awit saking punika sampun tetela yen pipiridan saking sanes serat inggih sanes seserepan sanes pamanggih. Dene ing saderengipun wonten kateranganipun malih ingkang yektos, sapunikanipun ingkang kenging kaanggep cepak piyambak kaliyan kayektosaning

panglurugipun wadya Majapahit dhateng tanah Malayu sampun elet lami kaliyan tahun Çaka 1265, kados ingkang sampun kasebut ing nginggil.

Miturut ingkang kasebut ing serat-serat babadipun titiyang Malayu, kalampahanipun kala Pamalayu mboten nunggil tahun kaliyan ingkang kasebut ing Pararaton, rumiyin ingkang kasebut ing Pararaton, ingkang kasebut ing Sajarah Malayu sampun kapengker (pundi ingkang leres dereng wonten kateranganipun ingkang esah), pramila ing ngandhap punika wonten pangrembag malih.

Serat Pararaton mboten mawi nyariyosaken tahunipun kala gantosipun sang Prabu estri Bre Kahuripan, ingkang jumenengipun kala ing tahun Çaka 1250, ing tahun Walandi saminipun 1328, punapa sababipun mboten wonten ingkang sumerep, utawi mboten badhe kasumerepan ing salaminipun, kajawi namung dados gagasan, punapa dipun piyagah, mboten. Inggih namung kedah rinembag sarana lineler kaliyan lalampahan sanesipun, mbokmanawi saged dumugi ing emper-emperanipun sawatawis, sarehning lalampahan wau sayektosipun teksih samar-samar.

Punapa malih ingkang kasebut ing bab IX, kathah cariyos ingkang jugag mboten mawi katerangan, kadosta: kendelipun Arya Tadah, patih amangkubumi, mboten mawi katerangaken menapa kendelipun wau saking sepuh punapa jalaran pejah, mboten kacariyos. Makaten malih tahun kala sedaning putranipun Prabu Kertanagara kalih pisan, warandhanipun Prabu Kertarajasa, inggih mboten kasebut, sanadyan sakaliyan wau katingalipun mboten sami kalebet jejering lalampahan ingkang perlu kasumerepan kawusananipun. Awit saking punika anuwuhaken panggagas mbokmanawi cariyos ing bab X pancen wonten sambetipun.

Sedanipun sang Prabu Putri Bre Kahuripan mboten kasebutaken ing tahun punapa, ing bab X namung kasebut ing saantawisipun tahun Çaka 1293 kaliyan 1298 wonten Bre Daha kaliyan Bre Kahuripan ingkang seda, Bre Daha sumare wonten ing Adilangu, nama darma: Redi Purwawisesa, dene Bre Kahuripan sumare wonten ing Panggih, anami darma: Redi Pantarapurwa.

Kajawi garwanipun Prabu Kertarajasa (Raden Wijaya) titiga,

ing ngajeng ugi sampun kasebutaken sedanipun para ingkang sami nurunaken rumiyin tinimbang ingkang nurunaken Prabu Jayanagara saha sadherekipun estri ingkang sanes ibu. Awit saking punika sedanipun Bre Kahuripan saha Bre Daha ingkang kacariyosaken rumiyin piyambak, anuwuhaken panginten yen punika Bre Kahuripan sarta Bre Daha warandhanipun Prabu Kertarajasa, ananging pancen mboten cocog yen putri kakalih ingkang kawartosaken sedanipun punika putranipun Prabu Kertarajasa. Sabab bedhahipun nagari Tumapel wonten ing tahun Çaka 1197, saupami putri kakalih wau emper-emperanipun ing kala punika sakedhikipun sampun yuswa sadasa tahun kakang adhi (satunggalipun 10, satunggalipun 12 tahun) dumuginipun ing tahun Çaka 1293 putri kakalih wau sampun yuswa langkung satus tahun, sanadyan ragi kirang memper. Ewadene saged ugi kalampahan yen putri kakalih wau dumuginipun ing tahun 1293 sepuh-sepuh teksih sami sugeng.

Sapunika ngrembag Bre Kahuripan sarta Bre Daha, putrinipun Prabu Kertarajasa (Raden Wijaya), putri kakalih punika kenging kakinten-kinten kababaraken ing saderengipun sarta dumugi ing tahun Çaka 1217, kirang saged, langkung mboten saged. Menawi mirid suraosing babonipun ing Jawi Kina, sasampuning sedanipun Bre Kahuripan ingkang kasebut rumiyin, wonten Bre Kahuripan malih ingkang kawartos seda, dugi-dugi mirid angka tahun ing nginggilipun, mboten kirang saking tahun 1323 Çaka, ing ngandhapipun wonten Bre Daha ingkang kasebut seda watawis ing tahun 1338.

Yen makaten saya kirang cocog manawi Bre Kahuripan ingkang kantun punika sang Prabu Putri putranipun Prabu Kertarajasa (Raden Wijaya), jalaran tamtunipun sampun yuswa 106 tahun, dene Bre Daha sampun yuswa 121 tahun kathah mboten memperipun. Dados yen makaten mboten wonten panganggep sanesipun malih ingkang kathah emperipun, kajawi namung Bre Kahuripan ingkang kasebut seda rumiyin punika Bre Kahuripan sang Prabu Putri.

Dene Bre Daha ingkang kasebut seda rumiyin punika sadherekipun sang Prabu Putri, sanadyan yuswanipun kakalih punika tamtunipun sampun sepuh sanget, ananging kathah emperipun

tinimbang ingkang kasebut seda kantun, mangka ing sanesipun sampun mboten saged tumanja babarpisan, kados ingkang sampun kasebut ing Pararaton bab X. Mila radi aneh dene ing babonipun Serat Pararaton ingkang tembung Jawi Kina mboten nyebutaken tahun kala sedanipun sang Prabu Putri Bre Kahuripan, sarta Bre Daha ingkang seda rumiyin utawi kantun, mboten mawi katerangaken punapa Bre Daha sadherekipun sang Prabu Putri, utawi putranipun Prabu Kertarajasa.

Yen makaten miturut ing sasambetaning cariyos Bre Kahuripan: Sang Prabu Putri mawi seleh kaprabon, mangka inggih mboten mawi kasebutaken ing sasedanipun sinten ingkang gumantos ratu. Dumadakan ing bab X sampun nyariyosaken kawontenanipun lalampahan kala jumenengipun Hayamwuruk. Punika nerangaken manawi cariyos wau jugag kaliyan sambetipun.

* * *

V. NAGARI PUNI

Sanadyan pengetan ingkang kasebut ing ngandhap punika perlunipun ing sasaged-saged namung kadamel nerangaken cariyos ingkang kasebut ing Serat Pararaton, punapa malih kangge tandha pasaksening cariyos ing Pararaton wau, ewadene kados mboten wonten awonipun bilih cariyos ing nagari Puni ingkang kalampahan ing tahun Çaka 1311 dumugi 1351, sarta mboten kasebut ing Pararaton, namung kawrat ing serat pengetan yasanipun Tuan Groeneveld pethikan saking pengetan ing karajan Cina, kula cariyosaken wonten ing ngriki.

Ing serat pengetan wau nerangaken manawi sawenehing pasiten ing Borneo ingkang sisih kilen ing kinanipun wonten nagarinipun ingkang nama Puni, ananging kacundhuk-cundhukaken kaliyan nama-namanipun nagari-nagari ing Borneo ing jaman sapunika mboten wonten ingkang sami, memper kemawon mboten wonten.

Kala ing jamanipun Prabu Rajasanagara, inggih Sang Hyang Wekasingsuka (Hayamwuruk) nagari Puni kacariyos sampun kawajibaken asok bulu bekti dhateng panjenenganipun.

Kala ing tahun Walandi 1370 saminipun ing tahun Çaka 1299, sang nata ing nagari Cina ngangkataken utusan dhateng nagari Puni, awit ratunipun ing ngriku sakelangkung edak galihipun. Ing kala wau nagari Puni kajarah dening titiyang Sulu, pramila pamintanipun sang ratu mboten ambayar bulu bekti rumiyin ing dalem tigang tahun, nanging mboten kapareng.

Ing tahun Walandi 1405 sarta 1408 (Çaka 1330) ratu ing nagari Puni pawong mitran sakelangkung sae kaliyan sang ratu ing nagari Cina, ananging sang nata lajeng seda kala ing salebeting tahun ingkang kasebut ing wingking wau, menggah dunungipun nagari Puni dereng saged kasumerepan, ing tanah Borneo sapunikanipun ing nagari pundi.

Kajawi ingkang sampun kasebut ing ngajeng, Serat Salalatassalatin (Sajarah Malayu) bab XVI nyebutaken kados ing ngandhap punika:

Ing sasedanipun sang Prabu (ing Sajarah Malayu kasebut:

Bathara) ing Majapahit atilar putra putri satunggal nama Raden Galuh Wikusuma (wi = dewi). Sarehning sang Prabu mboten kagungan putra kakung, mila sang putri ingkang kajumenengaken nata ing Majapahit, dening papatihipun ing nagari ngriku ingkang nama Gajahmada.

Sang putri mboten karsa krama, kawartosipun ing pundi-pundi papatihipun piyambak, Gajahmada ingkang angajengi. Sareng Patih Gajahmada mireng sumebaring pawartos, kuwatos manawi anjalari ruwet rentenging nagari, lajeng wawarah dhateng sang putri supados mawi krama. Sang putri andhawuhi dhateng kyana patih damela sayembara.

Ing satunggiling dinten kathah tiyang nglempak ing nagari, mboten mastani tiyangipun anem-sepuh, sugih-miskin, ageng-alit, mboten ketang tiyang pidak pedarakan, cukil andulit, cekel longan bale, wetah utawi ina sami kadhawuhan lumampah urut kacang anglangkungi ing ngarsanipun sang Prabu Putri, sinten ingkang kapilih inggih punika jatukramanipun. Wusana ingkang kadhawahan pamilih tiyang nama Kimasjiwa, anak angkating oanderes.

Kimasjiwa sampun kagarwa dhateng sang Prabu Putri, sarta kajumenengaken ratu wonten ing Majapahit, ajujuluk sang Aji Jayaningrat. Temenipun sang Aji Jayaningrat punika dede asalipun tiyang alit, pancen asal ageng. Ing saderengipun jumeneng nata Kimasjiwa gadhah kasagahan dhateng bapakipun angkat, samongsa piyambakipun saged dados ratu wonten ing Majapahit, bapakipun angkat badhe kadadosaken papatih anggentosi Patih Gajahmada. Dene larahipun Aji Jayaningrat anggenipun ngantos dumugi ing tanah Jawi, makaten:

Aji Jåyaningrat punika putranipun ratu ing Tanjungpura, saweg pinuju praon kabuncang ing angin ageng dumugi ing saganten tanah Jawi ing sacelaking nagari Majapahit, lajeng kapupu dhateng panderes sarta dipun openi kadosdene anakipun piyambak. Luguning namanipun Kimasjiwa: Ki Ranalangu. Ing sajumenengipun ratu wonten ing Majapahit, bapakipun angkat nagih kasaguhanipun sarta lajeng kapasrahaken dhateng Patih Gajahmada tuwin mawi pinaringan priksa yen panderes wau anarbukani sakathahing nalar rungsit.

Panderes lajeng kadadosaken pangajengipun para punggawa ingkang samı ambudi dhateng kawruh pamedharing ewed-pakewed (juru pethek, nujum?) lami-lami kapıreng ing Tanjungpura larahipun sang Aji Jayaningrat ing Majapahit, ingkang rama sang nata ing Tanjungpura sareng mireng pawartos wau lajeng paring dhawuh nyatakaken. Sareng sampun dipun akeni, para nata ing tanah Jawi sami suyud sumungku dhateng sang nata.

Sang Aji Jayaningrat kaliyan sang Prabu Putri ing Majapahit apuputra putri satunggal sinung paparab: Raden Galuh Candrakirana. Diwasanipun sang putri sulistyaning warna kondhang ngantos dumugi ing tanah sabrang sarta kemireng dhateng sang nata Sultan Mansyur Sah ing tanah Malaka, ingkang lajeng kagungan karsa badhe nakekaken dhateng sang putri.

Sri Ṣultan dhawuh dhateng nagari Singapura sarta ing Singaraja anyamektakaken bragada baita atiyang tiga kalih atus kathahipun, sang nata karsa nindaki piyambak. Dene pangrehing nagari kapasrahaken dhateng bandahara Padukaraja, dhateng Sri Ranadiraja sarta dhateng Sri Wijadiraja, tindakipun angampil pandherek satriya 40 tuwin putri pipilihan kawandasa cacahipun, pangiridipun anama: Tun Bijasura (Tuan Bijasura?).

Dene para nata ingkang dipun suruhi andherek: ratu ing Indragiri, ratu ing Jambi, ratu ing Lingga tuwin ratu ing Tungkal (ing Palembang). Sadumuginipun ing Majapahit, ingkang sampun wonten ing ngriku: ratu ing Daha sarta ratu ing Tanjungpura. Sang nata Mansyur Sah wonten ing Majapahit sakelangkung sinuba-suba binujakrama ingormatan, lenggahipun kaprenahaken inggil piyambak, anyepuhi para ratu sadaya.

Sang nata (Bathara) ing Majapahit badhe nyoba dhateng kasaktenipun sang ratu ing Malaka kados ingkang tumrap ing ratu kakalih sanesipun, sarana ngaturi wangkingan kaprabon satunggal sarta dhuwung sanesipun kawandasa iji ingkang sami risak warangkanipun. Sang nata ing Malaka ingaturan andandosi (nyudhiyani warangka enggal, yen makaten punika mbokmanawi pasemon, kasebut ing pengetan kula ing wingking), sang nata ing Majapahit ndhawuhi andikakaken mandungi wangkingan-wangkingan wau, nanging mboten angsal damel, awit para putri ing Malaka sami

mboten kewran dhateng kajuliganipun para pandung ing Majapahit, beda kaliyan nalika kapandukaken dhateng ratu ingkang kakalih. Makaten malih para satriya inggih sami sekti mandraguna, ing sapari polahanipun adamel eram saha mirising manahipun titiyang ing Majapahit.

Ing satunggiling dinten Tun Bijasura anggetak sagawon ingkang pinuju kacancang mawi rante emas, ing sanalika pedhot rantenipun sagawon lumajar gendring, Hang Jebat sarta Hang Kasturi sami nglinggihi dhampar lenggahanipun sang nata, ngantos dipun punapakaken kemawon mboten saged keguh saking palenggahan, wusananipun inggih lajeng dipun kendelaken kemawon.

Kajawi para Hang ingkang sampun kasebut ing nginggil, wonten malih ingkang namanipun kasebut ing ngandhap, kadosta: Hang Lakir, Hang Lakiu, Hang Ali, Hang Sekandar, Hang Hasan, Hang Husen, sarta Hang Tuah. Adatipun ingkang kalimrah kancanipun Hang Tuah namung Hang Jebat, Hang Kasturi, Hang Lakir sarta Hang Lakiu, manawi sanesipun punika wewahan. Sami-sami Hang Tuah kalebet dados cariyos wonten ing serat-serat, kineringan dening para priya, ginumunan dening para somahan, kaojat ing para kenya dados kembang lambe, namanipun ngantos dados sekaring kidung Malayu kados ingkang kawrat ing kikidunganipun para wirotama ing Daha sangsangkaningrat.

Kacariyos putrinipun sang prabu ing Majapahit inggih lestantun dados garwanipun sang nata Sultan Mansyur Sah ing Malaka. Nalika pikramanipun ing Majapahit mawi karameyan ageng, ing salebetipun karameyan Tun Bijasura ngatingalaken kasaktenipun warni-warni menggah patrapipun bangsa Malayu ingkang kacariyosaken sarta ingkang katandukaken dhateng nagari Majapahit. Manawi karembag ingkang sayektos sanget anggenipun murang tata.

Sultan Mansyur Sah ing sarampungipun damel lajeng pamit ingkang rama mara sepuh kondur dhateng nagarinipun ing Malaka kaliyan ingkang garwa Raden Galuh Candrakirana. Sareng sang nata ing Majapahit sampun marengaken, Sultan Mansyur Sah lajeng utusan Tun Bijasura kinen matur dhateng sang prabu ing Majapahit, manawi kapareng dhangan ing panggalihipun sang

prabu, nagari Indragiri kasuwun dados sabawahipun Sultan Mansyur Sah. Pamintanipun inggih kapareng. Sareng sampun angsal, Sultan Mansyur Sah lajeng utusan malih matur dhateng sang Prabu ing Majapahit, ingkang kautus Hang Tuah, nyuwun nagari Siyantan inggih kapareng.

Menggah pitembunganing panembung inggih nyimpang saking tata ingkang prayogi, kadosta: Djikalau dianoegerahken sabaik-baiknya, djikalau tiadapoen diambil djoega, sanadyan Palembang manawi kasuwun tamtu kaparingaken, nanging Sultan Mansyur Sah sampun marem ing galihipun saha lajeng kondur ing nagarinipun tanah Malaka.

Lami-lami Sultan Masyur Sah puputra kakung satunggal kaliyan Raden Galuh Candrakirana, anama Raden Keling.

Menggah yektos utawi mbotenipun cariyos ingkang kasebut ing Sajarah Malayu bab XIV wau, kajawi ingkang aneh-aneh punika sampun mboten susah karembag, kangelan anggenipun amatoni, awit ing sisihanipun ingkang dados jejering cariyos inggih punika ing cariyos Jawi sepen cariyos ingkang makaten, utawi wawaton sanesipun ingkang kenging kangge tandha saksi leresing cariyos wau.

Namung sakedhik bab cariyos Malayu ingkang dipun sakseni ing pengetan babad Cina, punika wonten ingkang nandhakaken yen kala jamanipun Sultan Mansyur Sah ing Malaka, Sri Sultan ingkang ambudi indhaking bawahipun nagari Malaka saking nagari-nagari bawahing Majapahit. Punapa malih miturut Sajarah Malayu tuwin pengetanipun bangsa Cina, ing satilaripun Patih Gajahmada, nagari Palembang lajeng dados bawahipun nagari Malaka. Dene cariyos ingkang sanes-sanesipun dereng kenging pinitados.

* * *

VI. BAB KAWONTENANIPUN SANG NATA INGKANG PAPARAB: ERLANGGA UTAWI AIRLANGGA

Ing Serat Pararaton jilidan angka I, kerep kasebut paparabipun sang Nata Erlangga ingkang dereng katerangaken kawontenanipun. Serat-serat babad Jawi ing sasumerep kula mboten wonten ingkang nyariyosaken nama wau, pramila ing ngriki perlu kula terangaken menggah kawontenanipun ingkang paparab: Erlangga wau.

Miturut anggitanipun sang kawindra linangkung Profesor Dokter H. Kern bab: Sanskrit-inscriptie ter eere van den Javaanschen vorst Er-Langa, ingkang kawrat ing: Bijdragen tot de Taal-Land en Volkenkunde van Nederlandsch-Indie uitgegeven door het Koninklijk-Instituut voor de Taal– en Volkenkunde van Nederlandsch-Indie, vierde volgreeks tiende deel 1885, nyariyosaken manawi ing museum barang kina ing kitha Kalkuta ing India Inggris, wonten seseratan ageng-ageng kakalih tumrap ing sela ingkang asalipun saking tanah Jawi. Dumuginipun ing ngriku kados pundi sarta kala punapa, mbokmanawi mboten dipun pengeti.

Ananging menggahing panginten kados mboten lepat manawi dumuginipun ing Kalkuta kala ing jamanipun tanah Jawi kawengku ing paprentahan Inggris sarta ingkang ngasta panguwasa jumeneng Luitenant Gouverneur-Generaal ing tanah Jawi Tuan Raffles ing tahun 1811 dumugi 1816, awit panjenenganipun mila marsudi dhateng kawruh cariyos kina ing tanah Jawi, katandha saking anggitanipun babad tanah Jawi sapanunggilanipun ingkang nyariyosaken kawontenanipun ing pulo Jawi.

Malah saking pangintenipun Prof. Dr. Kern mbokmanawi pambektanipun sela ingkang wonten seseratanipun wau dhateng Kalkuta inggih saking dhawuhipun Tuan Raffles, katandha: sela ingkang kaprahipun dipun wastani "Minto-steen" ingkang ing sapunikanipun karumatan wonten ing nagari Schotland, dumunung ing sacelakipun kitha Hawick, punika sampun tetela manawi Tuan Raffles ingkang ngintunaken dhateng Graaf Minto kala jumenengipun Gubernur Jendral wonten ing India Inggris,

katandha saking seratipun Graff Minto ingkang katitimangsan tanggal kaping 23 Juli 1813 dhumateng Tuan Raffles.

Sela ingkang mangka tandha pangemut-emut lalampahan kala ing jaman kina punika pancenipun sampun ngantos kaewahan saking panggenanipun lami, awit badhe saged kasumerepan dhateng titiyang ingkang perlu nyumerepi, tinimbang kadunungaken wonten ing papanipun sapunika, mboten saged kasumerepan dhateng sadhengah tiyang.

Ewadene kersanipun Tuan Raffles ingkang makaten wau inggih mboten kenging katetah, jalaran perlunipun mbokmanawi namung saking pangatos-atos, sampun ngantos patilasan-patilasan wau risak dening tumusing jawah tuwin benter, utawi saking pangrisaking tiyang.

Ananging saupami mboten wonten kuwatosipun, langkung prayogi patilasan kina kados ingkang kasebut ing nginggil wau, sampun ngantos kaewah-ewah saking panggenanipun lami, malah dipun ihtiarana kagambar utawi tinedhak ing saperlunipun, punapa malih kapola sarana gips ingkang supados manawi wonten risakipun mboten badhe kecalan polaning babonipun.

Menggah wontening sela kakalih ingkang wonten seratanipun sarta sumimpen wonten ing museum ing kitha Kalkuta wau, wangunipun mboten nate dados pangrembaging para marsudi sumerepipun dhateng suraosing seratanipun, amargi seratanipun mawi aksara Jawi Kina. Para saged ing ngriku mboten anggadhahi panginten pisan-pisan menawi seratanipun ingkang tumrap ing sela ingkang nomer kalih sanadyan mawi aksra Jawi Kina tembungipun lugu Sangskrit.

Saupami para saged ing Kalkuta sumerep bab punika, sampun mesthi para marsudi ing tembung Sangskrit, kados wontenipun ing kitha Kalkuta inggih mboten kirang sami merlokaken nyumerepi suraosipun

Tuan K. F. Holle ing Garut ingkang mboten kekilapan ing pangrembab bab kaperluwanipun cariyos kina ing tanah Jawi, amigatosaken nyumerepi ing kawontenanipun seratan ing sela kakalih wau, sarta lajeng damel tedhakanipun. Sareng sumerep menawi tetembunganipun Sangskrit ingkang satunggal lajeng

kakintunaken dhateng Profesor Kern kaliyan badhe sumerep menggah suraosipun.

Sareng seratan wau sampun kapanggih suraosipun. Lajeng tetela manawi cariyosipun sarta tiyangipun ingkang kacariyosaken ing ngriku perlu sanget kasumerepan. Pramila seratan wau lajeng kawedalaken dening Prof. Kern, ingkang teksih kenging kawaos mawi katerangaken sarana pertalanipun, dene ingkang mboten kenging kawaos punika jalaran aksaranipun ing tengah kathah ingkang risak, sampun mboten cetha sanget, ngantos sampun mboten saged pinanggih sambetipun.

Menggah mboten cethanipun punika punapa saking risakipun aksara ingkang jalaran saking empuking dhasaripun sela ingkang lami-lami gerang, ngantos ngicalaken luguning ungelipun aksara, punapa saking kirang nyekapi anggenipun damel tedhakanipun, punika Prof. Dr. Kern mboten saged andugi. Ingkang ragi nyalawados namung ing saantawisipun garis tataning seseratan teka wonten tapak aksara ingkang katingal lamat-lamat. Mila manawi namung katingalan ing srapadanipun, kados sela wau ing ngajeng pancen sampun nate wonten seratanipun, lajeng kaserat malih (palimpsest), awit dene Dr. Kern inggih nate mireng manawi blebekan tembagi ingkang ing ngajeng sampun nate wonten seratanipun lajeng kabibrah, dereng ngantos nyekapi sampun kaserat malih.

Makaten malih sela, ing India kathah tuladhanipun ingkang ing ngajeng sampun nate rinipta ing seseratan, lajeng katumpangan seseratan sanesipun.

Menggah tumrapipun sela ingkang kacariyosaken ing nginggil wau, punapa inggih panunggilanipun reriptan kaping kalih (palimpsest) punapa dede, Dr. Kern mboten saged nerangaken sarta mboten mungguh bilih ing saderengipun wonten katerangan ingkang gumathok. Bab wontenipun reriptan ingkang kaping kalih wau (palimpsest) namung lajeng katerangaken sarana pamiyagah kemawon

Mirid tedhakanipun ingkang saking Tuan K. F. Holle, sela wau ingkang lumahipun rinipta ing seseratan inggilipun 1,24 meter, wiyaripun ing nginggil 0,95 ing ngandhap 0,86 meter,

cacahipun garis seseratan wonten 37 (ing tedhakanipun kula etang wonten 129 baris?), cacahipun adeg-adeh wonten 34, wujuding sandhangan ingkang nandhakaken yen rinipta dening tiyang ingkang saged nyerat, kados limrahipun ing seratan Jawi Kina ingkang tumrap ing blebekan-blebekan tembagi ingkang nunggil jaman, kedaling wanda mboten wonten bedanipun kaliyan ingkang limrah, pramila mboten perlu kacariyosaken, namung panganggening aksara panyegeging wanda ing sawingkinging: ra (r) mboten ajeg, kadosta: panyeratipun tembung: kirti, purwa, linta-lintu kaliyan: kirtti sarta purwwa sapanunggilanipun.

Kosokwangsulipun kaliyan panyeratipun tembung Jawi cara ingkang limrah kangge ing pulo Jawi, ing ngriku pangganggenipun hanuswara dumunung ing sangajengipun aksara untu sarta h, mboten mesthi linintu mawi aksara gorokan, kadosta: simha, hamsi, ananging ugi: wança. Dene panganggenipun hanuswara ing pungkasaning tembung utawi ing wekasaning lingga ingkang aswara: y utawi w, kadosta: ing tembung Panini 8, 4, 59. Dene hanunasika ingkang pancen kangge wonten ing tembung-tembung wau mboten wonten, sarta Prof. Kern mboten saged manggih satunggal-tunggala.

Ananging ing sela saged ugi pancen teksih katawis hanunasika nipun, mbotenipun katingal wonten ing tedhakan jalaran saking kirang cethaning tedhakanipun sarta tedhakanipun reged, kathah clepretanipun, punapa malih sami ambalentong. Pramila dereng kenging katamtokaken bab mboten mawining hanunasika wau.

Kajawi punika sandhangan swara ingkang ungelipun kalih: au, mboten beda kaliyan ungelipun: O, menggah pikajengipun pangarang punapa ungelipun inggih: O punapa au, punika Prof. Kern mboten saged andugi.

Seratan wau adhapur kidung pangalembana tumrap ing sang nata Erlangga, tembungipun Sangskrit ingkang kalimrah, petanging wanda dhawahing pada inggih mboten wonten ingkang perlu kacariyosaken, pada ageng: 1–3 sarta 9, sekaripun Arya, pada ageng: 4, 5, 8, 15, 17, 19, 21, 32, sarta 34, sekaripun Çardulawikridita; pada ageng: 6, 7, 10–13, 16, 20, 22–24 sarta 31 sekaripun Wasantatilaka; pada ageng: 14 sekaripun Manjubhasi-

ni; pada ageng: 15 sekaripun Prthwi; pada ageng: 26, 27, 29 sarta 30 sekaripun Malini; pada ageng: 33 sekaripun Sragdhara.

Jujulukipun Prabu Erlangga punika miturut tatanipun seseratan kina ungelipun pancen: Air-Langa, sabab wontenipun seratan ingkang tumrap ing sela wau ungelipun: e pancen sampun binedakaken kaliyan ungelipun: ai. Ananging kala jaman samanten menggahing pawicantenan ingkang kalimrah kedaling air dados er.

Wontening cariyosipun Prabu Erlangga punika, tumrapipun tiyang Jawi sampun meh mboten nate kocap, malah kenging kula wastani babar pisan mboten wonten cariyosipun, amargi serat-serat babad ing sapamariksanipun Dr. Kern inggih mboten wonten ingkang nyebutaken.

Manawi ing cariyos Bali wonten pawartosipun bilih sang nata Erlangga punika jumenengipun ratu wonten ing nagari Kediri sarta ing kala samanten saweg jamaning kombulipun serat-serat ing tembung Kawi, kadosta: Serat Arjunawiwaha, Serat Smaradahana, tuwin Serat Sumanasantaka, punika sami dadamelan ing jaman samanten. Makaten malih tandha saksinipun bilih Serat Mahabharata inggih anggitan kala jamanipun Prabu Erlangga, sampun kapitedahaken dening Profesor Kern wonten ing: Over de Oud- Javaansche vertaling van 't Mahabharata bl. 6 (Werken de Kon. Akademie van Wetenschappen te Amsterdam 1877), dene tahunipun kala Prabu Erlangga angratoni nagari Kediri, sampun katerangaken wonten ing salah satunggiling nawalanipun sang nata ingkang kanthi gaganjaran, inggih punika kala ing salebetipun tahun Çaka 957, saminipun ing tahun Walandi 1035, kawrat wonten ing Kawi Orkonde V ingkang kawedalaken dening Tuan Cohen Stuart.

Menggah wontening titimangsa tahun 957 punika sasampunipun titimangsa ingkang kasebut rumiyin piyambak wonten ing seseratan tembung Sangskrit ingkang pinanggih wonten ing kitha Kalkuta wau sarta ngajengaken titimangsa ingkang kasebut kantun piyambak.

Kajawi punika teksih wonten malih seseratan ing blebekan tembagi tumrap sang Prabu Erlangga ingkang ingkang dereng ka-

wedalaken sarta ingkang titimangsanipun cocok kaliyan titimangsa ingkang kasebut ing nginggil. Nanging sanadyan titimangsa-titimangsa wau sampun cocok sadaya, seratan ing sela tuwin ing blebekan tembagi wau sami mboten wonten ingkang kenging kangge wawaton nerangaken menggah wiyaring nagari ingkang kawengku dhateng sang Prabu Erlangga wau dumugi ing pundi.

Ewasamanten mboten wonten ingkang nyulayani kaliyan cariyosipun ing Bali yen sang nata amengkoni nagari Kediri.

Miturut ing kidung pangalembana ingkang tumrap ing sang Prabu Erlangga, nyariyosaken bilih sang nata kineringan saha ingaji-aji sanget dhateng sang ratu ing Jawi Wetan, punapa malih ing salajengipun ing tahun wingking.

Sareng sang nata sampun saged ambawahaken nagari-nagari ing sisih wetan, kidul tuwin kilen sarana ginecak ing perang kanthi kangelan sanget, ing kala punika saweg sang prabu Erlangga sinebut tutungguling ratu ing Yawadwipa, inggih punika amarengi ing tahun Çaka 957, saminipun ing tahun Walandi 1037.

Menggah ingkang andadosaken witing misuwuripun asmaning sang Prabu Erlangga sarta sumungkuning ngakathah dhateng ing panjenenganipun, punika awit ing kalanipun sang nata yasa patapan ingkang sakelangkung endah (Kluizenarij = patapan = wihara?), saking ing pundi-pundi tiyang sami merlokaken dhateng ningali sarta gumun sumerep edining wawangunan. Dunungipun wihara wau kasebutipun ing kidungan wonten ing sacelaking redi Pugawat. Mirid ing tembung Sangskrit Pugawat punika artosipun ing tembung Jawi: kathah sedhahipun = papan ingkang kathah tanemanipun sedhah. Memperipun Pugawat punika pamendhetipun naming saking tembung Jawi ingkang lajeng dipun Sangskritaken, ananging lugunipun saking tembung Jawi punapa dereng wonten sarta angel angsalipun katerangan[1]), pramila

[1]) Pugawat punika tembung Sangskrit, miturut katerangan ingkang kasebut ing nginggil lugu pertalan saking tembung Jawi, tegesipun kathah sedhahipun = papan ingkang kathah tanemanipun sedhah = pasedhahan = pasuruhan. Punapa ing nagari Pasuruhan? Ananging Pugawat wau namaning redi, punapa namaning nagari Pasuruhan saking redi wau, sarehning kacariyos celak dunungipun kaliyan wihara ingkang kacariyos ing nginggil. Ananging punika namung saking pangathik-athik. M. D.

owel sanget dene sela wau mawi kapendhet saking dunungipun lami lajeng rinumat wonten ing museum ingkang dede panggenanipun tiyang marsudi basa Jawi, utawi barang titilaranipun tiyang Jawi kina.

Menggah ingkang kasebut ing seratan ingkang tumrap ing sela wau, nyariyosaken bilih Prabu Erlangga punika saking ibu turunipun: Sri Icana Tungga ingkang ngerehaken pulo Jawi, ingkang ibu anama: Mahendradatta, putranipun sang ratu Sri Makuta Wangsawardhana. Ingkang ibu Sri Makuta Wangwardhana putranipun sang ratu Sri Içana Tungga.

Ing blebekan tembagi ingkang kawedalaken dening Tuan Cohen Stuart (Kawi Orkonden angka XXII) wonten ingkang kacariyos undhang-undhangipun Sri Maharaja Rakai Hino Empu Sendok, Sri Içana Wijaya Dharmottungga Dewa) katitimangsa ing tahun Çaka 861, saminipun tahun Walandi 939. Awit saking punika tuwuh ing panggagas mbokmanawi Sri Maharaja Rakai Hino Empu Sindok Sri Içana Wijaya Dharmottungga Dewa punika kaleres eyang canggah kaliyan sang ratu Erlangga, yen miturut wontenipun titimangsa tahun panggagas wau kathah sanget emperipun. Saupami kapara yektos manawi nawala ingkang tumrap ing blebekan tembagi mawa titimangsa tahun Çaka 861, punika dhawuhipun ingkang kaprenah eyang kaliyan Sri Makuta Wangsawardhana, sarta saupami Makuta Wangsawardhana kababaraken nuju ing tahun wau (861 Çaka), ugi wonten emperipun yen putrinipun Sri Makuta Wangsawardhana, ingkang ibu sang Erlangga punika kababaraken watawis ing salebetipun tahun Çaka 881, menggah kala sang putri ambabar kagungan putra, sang Erlangga saweg yuswa 20 tahun, kenging katamtokaken pambabaripun sang Erlangga watawis ing selebeting tahun Çaka 901, kirang saking tahun punika mboten saged cundhuk kaliyan ing panginten amargi kacariyosipun nedhenging misuwuripun asma prabu sarta saweg ageng-agenging karatonipun, ing salebetipun tahun Çaka 957, pramila saged ugi kalebet ing panggagas bilih Sri Içana Tungga. ingkang kawrat ing seratan ingkang tumrap ing sela punika inggih Sri Içanawijaya Dharmottungga ingkang kasebut ing blebekan tembagi kala ing tahun 961.

Saya damel kekahipun ing panginten dene ingkang satunggal putrinipun Sri Içana ingkang asmanipun ratu: Sri Içana Tungga, ingkang kasebut tumrap seratan ing sela meh sami kaliyan ingkang kawrat ing blebekan tembagi. Kaotipun ing sapawingkinging Içana ingkang tumrap ing sela kasebut: Tungga, sareng ing blebekan tembagi: wijaya, enz. punapa malih ingkang kasebut seratan ing sela Sri Içana Tungga, sanadyan ragi kasamun ungelipun, kacariyos asih sarta remen amamaringi dhateng agami Budha, Sri Içanawijaya Dharmottunggadewa ingkang tumrap ing tembagi kacariyos angganjar kaperluanipun pupundhen Budha, ananging samanten wau namung saking kinten-kinten, mboten kenging kangge wawaton jangkep.

Punapa malih prayoginipun kinten-kinten wau sampun ngantos kalebetaken ing panggalih kemawon, amargi teksih kathah seseratan ing jaman kina ingkang dereng kawedalaken, ingkang ngewrat cariyos titimangsa tahun sarta asmaning para ratu ingkang ing sapunikanipun mboten kangge jalaran mboten utawi dereng saged pinanggih larahipun.

Menggah kasebuting lalampahanipun Prabu Erlangga wonten ing kikidungan ingkang tumrap ing sela namung kacariyosaken kalayan cekak mboten kababar ing cacriyosan, wontenipun ing seseratan mboten kirang kikidungan, ananging kikidungan wau namung tumrap cariyos rerenggan, ingkang perlu—perlu kasumerepan malah namung kasrapat kemawon, mbokmanawi pikajengipun ingkang nganggit mila dipun jarag makaten utawi jalaran sampun wonten seseratan sanesipun ingkang ngandharaken lalampahanipun Prabu Erlangga.

Mila kikidungan wau namung cinekak tetep namung mangka kikidungan pangalembana. Punapa wonten sabab sanesipun punika ingkang sumerep namung panganggit piyambak. Namung ingkang andadosaken cuwaning pangrembak, nama-namaning nagari kemawon ing kikidungan wau teka inggih mboten kasebutaken. mBokmanawi pikajengipun ingkang perlu sampun ngantos ing kikidunganipun ingkang mawi basa Sangskrit katunggilan nama-namanipun nagari ingkang mawi tembung Jawi.

Dene asmanipun sang Prabu Erlangga ingkang lugunipun

tembung pancen Malayu Polisi (Maleisch-Polynesisch) meksa mboten saged ngumpetaken, ewadene ing sawatawis asmanipun sang prabu inggih meksa wonten ingkang dipun santuni sarana sinangskritaken tembungipun: Er utawi Air, mila asmanipun sang prabu ing seratan kasebut ugi: Jalalanga utawi Niralanga.

Seratan ingkang tumrap ing sela nyariyosaken bilih Prabu Erlangga utawi Airlangga punika putranipun Udayana, patutan saking sang putri Mahendradatta.

Prabu Erlangga kineringan sarta binedakaken sasamining ratu, dening Sri Dharmawangsa, ratu ing Jawi Wetan. Punapa malih kala rawuhipun Prabu Erlangga mertamu dhateng Sri Dharmawangsa katingal sangeting pangaji-ajinipun ingkang tinamonan, mBoten lami sang nata Erlangga manggih babaya nagarinipun kabesmi, mbokmanawi jalaran saking perang, ananging ing seratan mboten mawi kasebutaken. Awit saking punika Prabu Erlangga lajeng lolos saking praja purugipun dhateng ing wana-wasa, namung dhinerekaken dening para andel-andel, para punakawan tuwin para ageng sawatawis.

Wonten ing wanawasa saking katarimahing panuwunipun para pinitados saha para brahmana, nuju ing tanggal kaping 13 ing wulan Magha tahun 932 Çaka, sang Erlangga angsal parmaning Dewa saged angerehaken saanteroning nagari. Awit saking punika sang Erlangga lajeng sakeca lalampahanipun sarta saya mindhak-mindhak kawentaring asmanipun, linulutan para wadya, sarta kinajrihan ing para mengsah. Sang Erlangga sampun saged angendhihaken para ratu ing sakiwa-tengening nagarinipun, punapa malih ing salebetipun tahun Çaka 954 sang Erlangga saged angendhihaken ratu putri ingkang kinajrihan sasamining ratu, sang ratu putri kacariyos asarira denawa karosanipun angungkuli sasamining manungsa, nanging namanipun sang ratu putri ing serat mboten mawi kacariyosaken. Ing nagari-nagari sisih kidul inggih linurugan sang Erlangga sarta sampun teluk sadaya. Konduripun mawi angsal jarahan kathah, ing salajengipun sang nata Erlangga karsa nglurug anggecak ing bang kilen, ingkang katemahanipun Prabu Wijaya, ratunipun ing nagari ngriku lajeng teluk dhateng sang Erlangga.

Amarengi tanggal kapıng 13 ing wulan Badrapada tahun 957 Çaka, watawis kalih wulan letipun Prabu Wijaya cinidra dening wadyanipun piyambak. Sareng ing pungkasanipun wulan Kartika teksih nunggil tahun sang nata Erlangga lajeng jumeneng nata mangka tutungguling para ratu ing tanah Jawi, sareng nedhenging misuwuripun sarta widada karatonipun, sang Erlangga karsa yasa patapan (kluizenarij = wihara?) sakelangkung edi saha asri wawangunanipun wonten ing peperenging redi Pugawat. Saking endahipun ngantos kalebet ing babasan angembari kaendran. Ing pungkasaning kikidungan sinung pamudyarja ingkang kawedal saking manahipun para kawulanipun sadaya.

VII. PRABU SANJAYA

Seratan ingkang tumrap ing sela ingkang katitimangsan ing tahun Çaka 654 saminipun ing tahun Walandi 732, sarta ingkang rinimatan wonten ing museum ing nagari Batawi, punapa malih ingkang sampun kawedharaken dening Tuan Holle wonten ing Koninklijke Akademie ing kitha Amsterdam kala ing tanggal kaping 10 wulan Maret ing tahun 1884, namung wonten 25 larik, panatahipun sastra sae sarta cetha, dene inggilipun sela 110 Cm, wiyaripun 78 Cm, cacahipun pada ageng wonten 12.

Pada ageng: 1, 2, 4, 5, 6, 7 sarta 12 sekaripun Sardulawikridita. Pada ageng: 3, 8, sarta 10 sekaripun Sragdhara. Pada ageng: 9 sekaripun Wisantatilaka. Pada ageng: 10 sekaripun Prthwi, ingkang sakawan pada ageng namung sapalih-sapalih. Palihan ingkang kapisan sarta ingkang kaping kalih sami kadadosaken nyatunggal larik. Ananging selanipun ingkang rinipta ing seratan wau kirang wiyar, mboten nyekapi kangge numrapaken sapalihipun ingkang larikan kaping 3, awit sekaripun Sagdhara. Pramila wandaning tembungipun salong kapedhot-pedhot sarta katumrapaken ing garis ngandhapipun, punapa malih sareng sampun nyimpang saking tatanipun ing ngajeng, pangripta lajeng mboten ambudi murih pangriptanipun sekar Sardulawikridita ingkang mangka sambetipun, saged wangsul malih tatanipun kados sakawiting pangriptanipun ing nginggil.

Dhapuring seseratan ingkang tumrap ing sela wau kathah emperipun kaliyan seseratan ingkang limrah kangge ing Kalinga sarta ing Andhra, kala ing jaman abad ingkang kaping 5 sarta 10. utawi ingkang kalimrah sanget kangge ing saperanganing nagari Dekkhan, ingkang kalimrahipun ing sapunika ngangge seratan Kanaredhelugu (Kanareesch Taloegoe) ingkang langkung memper malih kaliyan seratan Hanh Khiei ing Kamboja kala abad ingkang kaping 7.

Dene tataning panyerat bab panganggenipun hanuswara linintu hanunasika n, salong mesthi sami kaliyan tataning seratan Jawi Kina utawi kaliyan seseratan Kamboja Sangskrit ingkang

pinanggih ing India Kidul.

Menggah pitembunganipun seratan ingkang mangka pengetanipun sang prabu Sanjaya wau kenging winastan resik mboten kacamboran, nanging tatanipun ingkang mboten apik. Panganggening pitembungan kathah cengkokipun, wujuding sela mboten patosa risak, pramila ungeling seratanipun inggih cetha kemawon. Kajawi ing sawatawis panggenan salong ugi wonten ingkang babak, nanging meksa teksih gampil pangudinipun murid sagedipun kawaos.

Suraosipun seseratan wau sampun kawedharaken dening Prof. Kern tumrap anggitanipun: Sanskrit–Inscriptie van Java, van den jare 654 Çaka (A. D. 732), dene suraosipun kula cekak ing ngandhap punika:

Prabu Sanjaya punika putranipun Prabu Sanna ingkang ugi jujuluk Sannaha ingkang amengkoni satalatahing nuswa Jawi. Bab punika pengetanipun bangsa Cina inggih nyariyosaken, bilih pulo Jawi kala ing jaman samanten kados-kados kawengku dhateng ratu satunggal. Ptolemaeus inggih nyariyosaken, bilih karaton ing tanah Jawi punika namung satunggal, ing pundi mboten mawi katerangaken. Ananging kenging kedugi bilih karaton wau ngalih-ngalih mboten tetep panggenanipun.

Kajawi kidung pangalembana bab kotamaning panggalihipun Prabu Sanjaya, kabagusaning warni tuwin kanuraganipun, sang prabu kawartos andunungaken lingga wonten ing pupundhen agami Siwah ing redi minangka tutumbaling nagari murih widadanipun.

Mirid ingkang kasebut ing nginggil, tetela bilih peranganing agami Hindu ingkang ageng saha pencar piyambak wonten ing pulo Jawi punika agami Siwah, kadosdene ingkang teksih tumindak ing Bali ing jaman punika.

Dene seseratan ingkang pinanggih ing Jawi Kilen nandhakaken bilih ingkang pencar ing ngriku ingkang ageng piyambak agami Wisnu tuwin Brahma.

Kajawi saking punika ing seratan wau tanah Jawi kaupamekaken pulo emas tuwin salaka, kacariyos manawi ing pulo Jawi kathah pamedalipun jene. Nitik kaliyan kawontenanipun

ing jaman sapunika para saged teksih kathah ingkang semang-semang panggeganipun, jalaran mboten wonten titikipun ing jaman sapunika, awit ing tanah Jawi nyatanipun sepen ing pamelikan jene utawi saloka.

Saking pangandikanipun Prof. Kern, mboten ngemungaken ing seratan tahun Çaka 654 ingkang tumrap ing sela wau punika kemawon ingkang nyariyosaken, ing Serat Ramayana wedalan ing Bombay (IV, 40, 30) inggih kasebut manawi pulo Jawi kathah pamedalipun jene. Malah pengetanipun bangsa Cina sarta Ptolemoeus inggih mastani yen jene punika panunggilaning pamedalipun pulo Jawi.

VIII. PANITIK (OPMERKINGEN)

Ing ngandhap punika nyebutaken panitik kula dhateng Serat Pararaton anggitanipun Dr. Brandes. Pikajeng kula mboten saking anggen kula badhe ngongasaken kasagedan, punika tamtu mboten pisan-pisan, mboten susah kula aturaken kathah-kathah. Para sarjana ingkang tamtu sampun saget manggalih yen pikajeng kula namung lugu urun pamanggih, pinten banggi wonten ingkang maedahi. Awit sadherek tamtu sampun mangertos yen kasagedan kula tinimbang kaliyan Dokter Brandes upaminipun wedhi saelas kaliyan balegeripun redi Semeru, utawi toya sasiwur kaliyan toya saganten ingkang kacidhuk tanpa telas.

Menggah ingkang kasebut ing panitik kula punika, ingkang kathah ugi kasebut ing notipun Dr. Brandes sarta mawi kalugokaken tembungipun Jawi Kina. Dados maksudipun Tuan Dr. Brandes inggih ragi semang-semang anggenipun anegesi babonipun ingkang teksih mawi tembung Jawi Kina, kadosta: ingkang kasebut ing bab I, pinalampahan wedus bang sapalaki, tinegesan: om een rooden bokgevraagd = dipun tedhani menda abrit jaler satunggal. Punapa sapalaki mboten anggadhahi teges: sajodho, purba saking laki = jodho = jaler estri = dipun tedhani menda abrit sajodho. Ananging ing kropak A sarta B kasebut: capasaki (?).

Kang amuter bhumi Jawa, ing kina tegesipun kados ingkang sampun kasebut ing Pararaton: hij zal den toestand van het land Java wijzigen, ingkang badhe ambangun sadayanipun lalampahan ing tanah Jawi, ing sapunika muter nagari, tegesipun: marentah nagari, mengku nagari, een rijk regeeren.

Kaki Gajahpara wruhanira. Ing Jawi kina tembung – kaki – tembung panyaruwenipun (aanspreking) tiyang estri dhateng semahipun. Kosok wangsulipun – nini – kangge ing tiyang jaler dhateng ingkang estri, kadosta: *Nini angapaha sun kapakena.* Ananging ing ngandhap wonten tembungipun Ken Endhog nyebut: kaki, dhateng tiyang sanes anama Lembong, kadosta: *Kaki Lembong manawa sira tan supeksa.* Ing jaman sapunika kangge kramanipun inggil tembung: thole sarta gendhuk, kadosta; Kaki

Adipati, utawi: nini putri.

Kamakara panase rareng jero weteng iku. Kamakara, ing Kawi: angkara = sanget murka, mulad-mulad, punapa ing ngriki ateges: sanget.

Binucal ing pabayangan denira ken Endok, miturut ing notipun Dr. Brandes, *pabayangan* punika saking: bayang. Yen makaten pikajengipun pabayangan, penggenan pambucalan ingkang mbucalipun mawi kababayangan, awit tembung: *ambayang* utawi *ambabayang* punika tegesipun angrerampa sarana kagandheng utawa kagotong ingakathah.

Saking pangandikanipun Dokter Van der Tuuk, ambtenaar ingkang amarsudi tembung Bali ingkang ugi kawrat ing notipun Dr. Brandes, *pabayangan* punika tegesipun: jaratan lare ingkang dereng pupak untunipun.

Ayun sira kaki wikana purwakanipun. = silt gij weten wat er de oorsprong van is enz. Ing ngriki tembung *wikana* miturut Dr. Brandes saking tembung Jawi Kina: *wihikan,* tegesipun: sumerep, ing sapunika *wikana* kangge ing kramanipun dhusun tembung: mboten sumerep.

Menggah: *saji,* punika kasukan punapa, Dr. Brandes mboten saged andungkap.

Tembung: *kapihanan,* anggenipun anjarwani Dr. Brandes namung saking kinten-kinten sarta tinegesan: benard = susah, sedhih. Makaten notipun: *kapihanan* wordt hier met "benard" op de gis vertaald. Pamanggih kula punapa mboten saged ugi *kapihanan* ateges; dumadakan wonten, kalebet wicalaning bawa: kapi, panunggilanipun: kapengin, kapenak, enz. Punapa rimbag bawa *ka* saking lingga andhahan, kapi kalebet ater-ater ingkang tegesipun: langkung, saking tembung ingkang dipun raketi (een voorvoegsel voor andere woorden, om een hoogen graad uit te drukken, en beteeken erg, bijv. in: kapilengleng erg verbijsterd; wat te veel, in: kapilare = wat te veel kind; sterk, bijv. in: kapiadreng = heel verlangen; heel, bijv. in. *kapitemening aprang.* Kapitemen = heel nauwgezet; juist op tijd gebeuren of komen, in: *kapianan* = dumadakan ana? van iets, dat zich zoo onverwachts voordoet of toevallig wordt aangetroffen, zoo dat iets geree-

den *ingang* vindt; *kapihanan sira tumon ing katu sawaringin* gonge, kapa of kapinujon = juist van pas, of juist op het rechte punt getroffen).

Welahan = lalahan? = pasabinan ingkang mentas kaeleb lajeng kawaluku, ananging ing Pararaton tembung *lalahan* inggih wonten.

Palugangsa ing Pararaton tinegesan: gamelan - hamers = tabuh gangsa. *Palugangsa* pamanggih kula: palu ingkang kadamel gangsa = dadamel ing jaman kina, *sama medal amawa palugangsa, amburu ing sira Ken Angrok. Sama mukul ing palugangsa* enz.

Ana rare adawa tangane, aliwat ing dekunge, tulise tangane tengen cakra, kang kiwa sangka, aran Ken Angrok, katon ing pujamami, enz. Er moet een jongen zijn met lange handen en dikke knieen, in zijne rechterhand moet het radteeken en in zijne linker het schelpteeken te zien zijn, Ken Angrok heet hij, en ik zag hem in mijne devotie, enz = ing salebeting pamujanipun (Dang Hyang Lohgawe) akatingal wonten lare panjang tanganipun, kandel dhengkulipun, seratan ing tanganipun tengen awarni cakra, ing kiwa sangka, namanipun lare wau: Ken Angrok.

Menawi punika pasemon, panjang tanganipun ambasakaken tiyang ingkang calimut (lange vingers hebben), awit Ken Angrok kacariyos calimut. Dene kandel dhengkulipun minangka pasemonipun Ken Angrok anggening remen ngrujak pawestri ing saenggen-enggen, ngibarataken dhengkulipun.

Dene seratan ing tanganipun awarni cakra kaliyan sangka, punika namaning rajah, awit cariyosing tiyang sepuh kala ing kinanipun kawruh parajahan, inggih punika kawruh pethek sarana aningali rajahing tangan (chiromantie) teksih dipun gega sanget. Cariyosipun, rajahipun tiyang ingkang badhe dados ageng, badhe dados ratu, ginanjar begja, sangsara, malarat, sugih, boros, enz. enz. punika beda-beda cirakipun.

Menawi wonten coraking rajah ingkang nama: cakra utawi: sangka, saminipun unyeng-unyengan kapal (mathi), wonten ingkang nama satriya pinayungan, enz.

Miturut ing Pararaton, nalika Ken Dedes dados garwanipun Ken Angrok sampun anggarbini tigang wulan, ing notipun kasebut: miturut kropak aksara A sampun anggarbini 6 wulan.

II. Ing Pararaton, tembung: pamengkang, Jawi Kin dipun tegesi erf = pemahan, palataran, latar. Ing jaman sapunika, pamengkang tegesipun: margi ing sakilen sarta wetaning sitinggil, *ring pamengkang wang angajengi* = Op het erf hield men de wacht. (Aan de pamengkang hield men de wacht)

IV. Ing bab IV, kacariyos jumenengipun nata Ranggawuni (Wisnuwardhana) kala ing tahun Çaka 1172, sedanipun ing tahun Çaka 1194, kawartos jumenengipun 14 tahun, punika mboten cocog. Ing notipun Dr. Brandes inggih sampun nyebutaken.

V. Ing Pararaton damelan kula ingkang mawi sekar, wontening sesebutanipun para ratu, namung kula pendhet tegesipun kemawon, prabu, ratu, nata, narendra, kula damel sami kemawon. Manggah leresipun ing babon, ingkang wiwit mawi sesebutan prabu punika Bathara Siwa Budha, inggih prabu - utawi Sri Kertanagara.

Ing saderengipun tahun Çaka 1194 para nata sinebut: ratu, ing bab XII wonten sebutan ratu malih, inggih punika Raden Gajah, sinebut Ratu Hangabaya.

Babatangan punapa tegesipun juru pethek, saking ambatang = methek, menawi mirid cariyosipun ing ngandhap ingkang mungel:

sinungan pasenggahan Arya Wiraraja, arupa tan andel denira, enz. Dezen gaf hij den naam Arya Wiraraja, maar hij scheen onbetrouwbaar enz. mbokmanawi ingkang wangunipun mboten kenging pinitados wau pambatangipun (pamethek).

Ing Sajarah Malayu ing nginggil kacariyos, ing nalika Sri Sultan Mansyur Sah ing Malaka wonten ing Majapahit Sri Sultan mawi cinoba dipun aturi wangkingan kaprabon satunggal iji, dhuwung sanesipun kawan dasa iji ingkang sami risak warangkanipun, Sri Sultan ingaturan andandosi.

Manawi yektos cariyos wau makaten, mbokmanawi pikajengipun, wangkingan kaprabon satunggal iji punika tumrap Sri Sultan, ingkang kawan dasa iji tumrap para satriya kawan dasa, ingaturan andandosi warangkanipun anjinging curiga dhateng warangka menawi minangka pasemon, bilih Sri Sultan sarta para satriya saged kaanjingan (kuwawi nadhahi) wangkingan wau inggih mestantun mondhong putri ing Majapahit.



PN BALAI PUSTAKA — JAKARTA

Perpust
Jender

